**O’ZBEKISTAN RESPUBLI’KASI’’ JOQARI’’ HA’M WORTA ARNAWLI’’ BI’LI’M BERI’W MI’NI’STRLI’GI’**

**Berdaq ati’ndag’i’ qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti**
**Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti**

Fakultet dekani’:

______ dots. Q.Turdi’baev

«___» ________2014- ji’l

5220100-filologiya ha’m tillerdi woqi’ti’w (qaraqalpaq filologiyasi’) bakalavr bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Xalmuratova Gu’layi’mni’n’ **«G.Matyakubova do’retiwshiliginde muh’abbat temasi’»** temasi’ndag’i’

# PITKERIW- QA’NIGELIK JUMI’SI’’

Jaqlawg’a ruxsat berildi:

A’debiyat teoriyasi’ ha’m oqi’ti’w metodikasi’ kafedrasi’ basli’g’i’ f.i.k. docent Q. Yusupov

_____________

I’limiy basshi’si’: f.i.d. prof. Q.Worazi’mbetov

________________

**No’kis-2014**

**Ma’mleketlik attestatsiya komissiyasi’ni’n’**

**QARARI’:**

5220100-filologiya ha’m tillerdi woqi’ti’w (qaraqalpaq filologiyasi’) bakalavr bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Xalmuratova Gu’layi’mni’n’ «G.Matyakubova do’retiwshiliginde muh’abbat temasi’» temasi’ndag’i’ pitkeriw-qa’nigelik jumi’si’na

«__________» ball qoyi’lsi’n

MAK basli’g’i’:__________ __________________________

(qoli’) (f.i.sh.)

MAK basli’g’i’

ori’nbasari’: ____________ __________________________

(qoli’) (f.i.sh.)

MAK ag’zalari’:

____________ ___________________________

(qoli’) (f.i.sh.)

______________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh.)

_______________ _____________________________

(qoli’) (f.i.sh.)

## G.Matyakubova do’retiwshiliginde muh’abat temasi’

# Mazmuni’:

**Kirisiw**

**I’ Bap. G.Matyaqupova lirikasi’ni’n’ ideya-tematikali’q bag’darlari’**

**I’I’ bap. G.Matyakubova poeziyasi’nda muh’abbat temasi’**

**Juwmaq**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**

# KİRİSİW

Qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ wo’tken a’sirdegi son’g’i’ won ji’lli’qlari’ndag’i’ da’wirin izertlegen ali’m filologiya ilimlerinin’ kandidati’ Q.Worazi’mbetov bul da’wirge mi’naday xarakteristika bergen yedi:

«... qaraqalpaq lirikashi’li’g’i’ wo’zinin’ rawajlani’wi’nda to’mendegi belgilerge h’a’m da’stu’rlerge iye bola basladi’... Lirikali’q shi’g’armalarda ko’birek gumanistlik ko’zqaraslar yele de ku’shlirek rawajlana basladi’, shayi’rlari’mi’zdi’n’ ko’rkemlik izleniwshilikke di’qqati’ ku’sheydi. Xali’qti’n’ h’aqi’yqi’y tariyxi’na, turmi’si’ menen ma’deniyati’na qi’zi’g’i’wshi’li’q artti’, sotsialli’q h’a’m uli’wma adamzatli’q mashqalalari’n: jaqsi’li’q h’a’m jamanli’q, wo’mir h’a’m wo’lim, a’dep-ikramli’li’q h’a’m ruwxi’y mashqalalardi’ so’z yetiw basli’ wori’ndi’ iyeledi... Ja’miyette boli’p ati’ran sotsialli’q, ekonomikali’q h’a’m siyasiy wo’zgerislerdi intellektualli’q, a’dep-ikramli’li’q ju’zesinen analizlew na’tiyjesinde ja’miyetlik h’a’m jekke sanag’a ta’sir jasaytug’i’n lirikali’q shi’g’armalar payda boldi’»[1].

Wo’tken a’sirdin’ sekseninshi ji’llari’nan son’g’i’ da’wirdegi qaraqalpaq poeziyasi’ wo’zinin’ bir qatar belgileri menen basqa da’wirlerden aji’rali’p turadi’. Solardi’n’ biri si’pati’nda usi’ da’wirde qaraqalpaq a’debyati’nda shi’n ma’nisindegi qi’zlar poeziyasi’ni’n’ qa’lipleskenligin atap ko’rsetiwge boladi’. Bul da’wirge deyingi a’debiyati’mi’zda h’ayal-qi’z avtorlardi’n’ qatari’ ju’da’ az yedi. Tek

---

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. – Нөкис,»Билим»,1992.- 18-бет.

g’ana alpi’si’nshi’ ji’llardan son’ a’debiyati’mi’zda h’ayal-qi’zlardi’n’ atlari’ ko’rine basladi’.

Qi’zlar lirikasi’ni’n’ wo’zinsheligi tuwrali’ so’z yetkende biz ali’m Q.Worazi’mbetovti’n’ bul bag’dardag’i’ mi’na ko’zqarasi’na su’yenemiz: «Wo’mirdin’ wo’zi h’ayal-qi’zlarsi’z go’zzal yemes. A’debiyat ta wolarsi’z a’biger h’alg’a kelip qalatug’i’ni’ so’zsiz. Wo’ytkeni, wolar yerlerge qarag’anda du’nyag’a, wo’mirge, a’debiyatqa da basqasha ko’zqaras penen qaraydi’. Yerler bazda jarati’li’s, ko’beyiw, du’nyag’a keliw h’a’m ketiw, wo’sip-wo’niw si’yaqli’ ilah’i’y tu’siniklerge u’stirtin ma’ni beriwi mu’mkin. Al h’ayal-qi’zlar bulardi’ wo’mirdin’ tiykari’ dep tu’sinedi. Sebebi, wolar-analar. Bazda yerlerdin’ go’zzalli’q tuyg’i’lari’, go’zzalli’qti’ su’wretlewi erbekey-serbekey bir na’rse boli’p shi’g’i’wi’ mu’mkin. Al h’ayal-qi’zlardi’n’ a’debiyattag’i’ go’zzalli’qti’ jarati’wi’ - bul shi’n ma’nisindegi go’zzalli’q. Sebebi, wolardi’n’ wo’zleri go’zzallar, wolardi’n’ ta’biyati’nda go’zzalli’q qani’na qari’si’p a’zeliy sin’ip ketken.[2]

70-80-ji’llardag’i’ qaraqalpaq poeziyasi’na kelip qosi’lg’an jan’a tolqi’n wa’killerinin’ arasi’nda G.Matyakubova wo’z h’awazi’ h’a’m tematikasi’ menen aji’rali’p turadi’. Bul h’awazda seksewildin’ shog’i’nday qi’zg’i’n bar, al woni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ wo’zegi-wo’mirdin’ yen’ bir awi’r sawallari’nan ibarat.

Ja’h’a’n a’debiyati’ ta’jiriybelerinen u’yrengenimizde, yeki a’sir perzentleri bolg’an qa’lem iyelerinin’ do’retiwshilikleri mi’sali’nda

---

[2] Қ. Оразымбетов, Сезимлер қ3урсаўына оранған поэзия: Алғы сөз. –Дәўлетова Г. Сениң дәртиң менен жасайман, ҳаял. –Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001.- 3-бет.[2]

insaniyati'n' aqi'li' ug'ras kelmes da'rejedegi wo'zgeshe a'debiy qubi'li'slar itibarg'a sazawar bolg'ani' ma'lim boladi'.

Qaraqalpaq poeziyasi'nda Gu'listan Matyakubovani'n' do'retiwshiligi jigirmalanshi' a'sirdin' son'g'i' jigirma ji'lli'g'i'nda h'a'm jigirma birinshi a'sirdin' basi'ndag'i' a'debiy ji'lnamani' izertlewde worni' girewli.

Biz shayi'rdi'n' shi'g'armalari'n woqi'y woti'ri'p, wondag'i' h'adalli'q, h'aqi'yqatli'q h'a'm a'dillik su'renlirinin' shayra ushi'n wo'mirdin' mazmuni' boli'p tabi'latug'i'nli'g'i'n ko'remiz. Wol ne ushi'n h'adal insanlardi'n' jani' azar shegip jasaydi'?. Ne ushi'n h'aqi'yqatli'q ju'zege shi'qpay qala beredi?.

A'dillik qa'ne degen sorawlar a'tirapi'nda qa'lem terbetedi.

Do'retiwshilik jol awi'r jol, biraq sog'an qaramastan G.Matyakubova ni'n' kem-kemnen sheberligi jetilisip, h'a'zirgi zaman qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' mazmunli'q, idiyali'q, tu'rlik, janrli'q bayi'wi'nda salmaqli' u'lesi bar.

Shayrani'n' wo'mirdin' mazmuni', adamzatti'n' a'sirler boyi' toplag'an ta'jiriybesi, jaqsi'li'q h'a'm jamanli'q arasi'ndag'i' gu'restin' ma'n'giligi tuwlap tolg'ani'slari' woni'n' ko'rkemlik izertlewlerinin' juwmaqlari' si'pati'nda itibarg'a qaratadi'.

Bunda h'a'r bir so'z ma'nili, h'a'r bir qatar wo'z worni'nda turi'p, jan'asha pikirler bildiredi, shayra woqi'wshi' menen si'rlasadi'. Wog'an wo'zine tu'sindirgisi keledi, al zamanlaslari'nda tu'sindiriwge qushtar.

A'rman, miynet, sewgi, ma'rtlik, miyrim quwg'an, shayi'rdi'n' h'esh kimge uqsamag'an kelbeti, wo'zine g'ana ta'n bolg'an jan'asha pikirleri wo'zgeshe ta'sirge iye, kitaplari'n woqi'p woti'rsan' shayi'rdi'n' wo'zi

menen qosi’li’p a’lemge jar sali’wg’a tayar turasan’. Shayi’rani’n’ qosi’qlari’ h’a’r bir insandi’ jan’a a’sirlerge baslaydi’, a’rman shoqqlari’na jeteleydi, qosi’q qatarlari’ adamdi’ ruwxlandi’radi’.

Shayi’ra wo’zi jasag’an da’wirdin’ ma’rt insanlari’ni’n’ obrazlari’n do’retiwge i’qlasli’, woni’n’ fiosofiyali’q woylari’, basqalar menen talas-tarti’sqa tu’sip, wo’zgeshe juwmaqlar ju’zege keltiriwi, shayrani’n’ a’rman shaydasi’ yekenligi jo’nindegi pikirleri wo’zgeshe, h’esh bir qa’lemkeshke uqsamaydi’.

Poeziyami’z jan’a formalar menen bayi’p ati’r. Bunda G.Matyakubova ni’n’ salmaqli’ u’lesi bar. Wol a’debiyat i’qlasbenlerine shayi’ra, publitsist h’a’m belgili ja’miyetlik isker si’pati’nda tani’ldi’. Wol Qaraqalpaqstan xali’q shayi’rasi’, Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’ ataqlari’na iye. Sheber sho’lkemlestiriwshi basshi’ si’pati’nda h’a’zirgi ku’nde «Qaraqalpaq a’debiyati’», «Qoraqalpog’iston tongi» h’a’m «Gu’layi’m» gazetalari’ni’n’ redaktori’ boli’p xi’zmet etpekte. Sonday-aq wol bu’gingi ku’ndegi qaraqalpaq h’a’m wo’zbek a’debiy baylani’slari’n rawjlandi’ri’p ati’rg’an do’retiwshilerdin’ biri.

Uli’wma alg’anda G.Matyakubova jaqsi’li’qti’ ji’rlag’an, joqari’ adamgershilik pazi’ydletlerdi ta’riyp yetken, insaniyat wo’miri miynet penen go’zzal yekenligin da’lilley alg’an, woni’n’ barli’q toplamlari’nan atpa-at atap wo’tken, uzi’nnan-uzaq mi’sallar keltirip, woni’n’ shayi’rli’q sheberligin qaraqalpaq poeziyasi’nda tutqan worni’n ayi’ri’qsha atap ko’rsetiw mu’mkin. Ha’r bir a’sir wo’z ruwxi’n tu’sindiriwshi pezentlerin du’nyag’a keltiredi, yeki a’sir perzenti bolg’an qa’lem iyesinin’ uti’slari’da ko’p, imkaniyatlari’ da sheksiz. Adamzat poeziyani’

ta’rbiyashi’ dep tani’ydi’, si’rlas biledi, insanni’n’ da’rtlerin tu’sindiriwshi si’pati’nda qa’dirleydi.

Shayi’rani’n’ poeziyasi’n h’aqi’yqatli’qti’ ji’rlawi’ menen baqalap, zaman shi’nli’g’i’n birinshi boli’p ma’rtlik penen ayti’wg’a ju’reksingen so’z sheberligine woqi’wshi’lar ja’ma’a’ti de h’u’rmet penen qaraydi’, wolar menen sanasadi’, wolardi’n’ ga’pine qulaq qoyadi’, shayi’r h’a’m woqi’wshi’ arasi’ndag’i’ baylani’s, ju’da’ qospali’ boli’p keledi. A’debiy wortali’q qa’legen shayi’rdi’ shayi’r si’pati’nda ta’n ala bermeydi.

G.Matyakubova poeziyasi’ qaraqalpaq a’debiyati’nda ayi’ri’qsha worni’ bar insaniyat wo’mirinde de woni’n’ shi’g’armalari’ u’lken a’h’miyetke iye dep woylaymi’z.

Biz G.Matyakubova do’retiwshiliginde muh’abbat temasi’n ele de teren’irek izertlew ushi’n jumi’si’mi’zdi’ 2 bapqa bo’ldik birinshi bapta **.** G.Matyaqupova lirikasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q bag’darlari’, ekinshi bapta G.Matyakubova poeziyasi’nda muh’abbat temasi’ ma’selesin izertlemekshimiz.

## I Bap. G.Matyaqupova lirikasi'ni'n' ideyali'q-tematikali'q bag'darlari'

Ko'rkem a'debiyatti'n', soni'n' ishinde poeziyani'n' tiykarg'i' predmeti, obekti - adam, woni'n' ja'miyet h'a'm ta'biyat penen wo'z-ara mu'na'sibeti. A'yyemgi grek woyshi'llari' Platon menen Aristoteller de ko'rkem wo'nerdin' mazmuni' - adam wo'miri dep atap ko'retken yedi.

Biz shayi'ra qi'zlari'mi'zdi'n' lirikali'q shi'g'armalari'n woqi'p woti'ri'p, wolardi'n' wo'mirdin' a'lwan tu'rli qubi'li'slari'n sa'wlelendiriw menen ja'miyetlik turmi'sti' tu'siniwge, turmi'sti' wo'zgertiw ushi'n za'ru'rli ja'miyetlik tilek-maqsetlerdi tani'p biliwge u'yretetug'i'nli'g'i'n ko'remiz. Shayi'ralari'mi'zdi'n' poeziyasi'nda adam wo'miri, woni'n' ruwxi'y du'nyasi', ta'biyat ko'rinisleri wo'z-ara qari'sti'ri'li'p su'wretlenedi. Ma'selen, lirikali'q qah'arman wo'z woy-sezimlerinde xalqi'ni'n' wo'tmishin h'a'm bu'ginin bir ko'z benen ali'p qaraydi' ja'ne keleshek tuwrali' pikir ju'ritedi.

Asrlar orziqib, intilib etgan,
Ozodlik h'aëtning mano-mazmuni.
Ongu shuurimiz Kundek ëritgan,
Assolom-istiqlol-erk iqbol kuni…

Tiklanib, bwy olgan qadriyatimiz,
Buyuk tariximiz barkamolligi.
Hikmat erur dinu diënatimiz,
Beqiës kuchimiz bunëdkorlikda.[3]

---

[3].*Матёқубова Г. Ота уйим. Тошкент. «Sharq»., 2014. 8-бет*

dep ji’rlaydi’ shayi’ra Gu’listan Matyaqubova «Mustaqillik madh’i» atli’ qosi’g’i’nda qosi’g’i’nda.

Lirikani’n’ mazmuni’-insanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’, woy-sezimlerinin’ du’nyasi’.

İnsanni’n’ ruwxi’y wo’mirinin’ mazmuni’n quraytug’i’n h’a’r qanday sezim-adamdi’ qi’zi’qti’rg’an, tolqi’tqan, quwandi’rg’an, qapalandi’rg’an, ku’yindirgen, ti’ni’shsi’zlandi’rg’an, shorshi’ndi’rg’an sezimler lirikani’n’ zan’li’ du’nyasi’ retinde wog’an mazmun boli’p tabi’ladi’. Bir adamni’n’ jan du’nyasi’nda u’zliksiz tu’rde turaqli’, wo’tkinshi- h’a’r tu’rli sezimler tuwi’ladi’. Usi’nday ta’sir-sezimlerdin’ h’a’r biri lirikali’q qosi’qqa mazmun bere aladi’.

Wo’z ka’sibi tuwrali’ pikir ju’ritken shayi’ra Gu’listan Matyaqubova shayi’rli’q tuwrali’ ko’zqarasi’n bi’lay beredi.

Dosti’m menin’!
Biz si’r degenimiz
Si’r ma yeken wo’zi.
Shayi’rlardi’n’ si’ri’ bolar ma,
Wol kewlin h’esh jasi’rar ma…[4]

*«Da’ryag’a bati’p barati’rg’an quyash» qosi’g’i’nan*

Belgili rus jazi’wshi’si’ M.Yu.Lermontov adam jan du’nyasi’ni’n’ tariyxi’ni’n’ pu’tin bir xali’qti’n’ tariyxi’nday a’h’miyetke iye yekenligin aytqan yedi.

Lirika a’yyemgi greklerdin’ lira dep atalatug’i’n tarli’ saz a’sbabi’ ati’nan kelip shi’qqan termin.

---

[4] *Мәтякубова Г. Қәлб зүрәәти. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2004, 98-бет*

Aristotel zamani'nan baslap bul termin ishki sezimlerdi, tuyg'i'lardi' beretug'i'n ko'rkem shi'g'armalardi'n' atamasi' si'pati'nda qollani'ladi'. Greklerden bul atamani' rimliler wo'zlestirgen h'a'm wolardan Yevropa yellerine tarag'an.

Bizde bul termin XX a'sirden baslap qollani'la basladi'.

Lirika a'debiyatti'n' u'sh tu'rinin' biri boli'p sanaladi' (epos, drama, lirika). Lirika si'rtqi' du'nyani' sa'wlelendiriw talaplari', ta'rtipleri boyi'nsha epos penen dramadan sarras aji'rali'p turadi'.

Lirik si'rtqi' wortali'qti'n' ta'sirinen payda bolg'an quwani'sh, su'yinish, qayg'i'-h'a'siret h'a'm tag'i' basqa sezimlerdi, tuyg'i'lardi', ishki keshirmelerdi, ruwxi'y h'alatlardi', woy-pikirlerdi emotsionalli'q qi'zg'i'nli' so'zler arqali' beredi.

Lirikali'q shi'g'armada tiykari'nan shayi'rdi'n' wo'zinin' ishki keshirmeleri beriledi, sonli'qtan ko'pshilik jag'dayda shayi'rdi' lirikali'q qah'arman si'pati'nda qabi'l aladi', yag'ni'y shayi'r menen lirikali'q qah'armandi' bir qosi'p tu'sinedi. Biraq lirikada berilgen sezimlerdi tek shayi'rdi'n' jekke turmi'si'nan ali'ng'an dep tu'sine beriwge bolmaydi'. Shayi'r wo'zinen basqani'n' da ishki ruwxi'y h'alatlari'na kire ali'w uqi'bi' menen h'a'm lirikali'q «meni» arqali' ko'p g'ana adamlardi'n', ma'selen, wo'z zamanlaslari'ni'n' ishki woy-sezimlerin bere aladi'.

A'debiyatshi' ali'mlar shayi'rdi'n' ruwxi'y du'nyasi' woni'n' shi'g'armalari'nda sa'wlelenetug'i'nli'g'i'n atap ko'rsetedi. Biraq soni' da ayti'w kerek, h'a'r qanday shayi'r yemes, tek talantli' shayi'r g'ana wo'zi h'aqqi'nda aytqanda pu'tkil xali'q yaki adamzat ati'nan so'z ayta aladi'. Al, u'lken talantqa iye bolmag'an shayi'rlar tek wo'zlerinin' jekke qayg'i'-quwani'shlari' menen sheklenip qaladi'. Woqi'wshi'ni' kim

bolsa soni’n’ ishki du’nyasi’, wo’zligi qi’zi’qti’rmaydi’, tek g’ana ruwxi’y du’nyasi’ bay shaxsti’n’ woy-sezimleri g’ana woni’n’ kewline qozg’aw sala aladi’.

Biz bul bapta shayi’ra G.Matyaqubova do’retiwshiligindegi tiykarg’i’ ideyalar h’a’m temalar h’aqqi’nda so’z yeter yekenbiz, bul terminlerge de azi’-kem toqtap wo’teyik.

*Tema* tiykari’nan grek so’zi boli’p, wol tuwri’ ma’nisi boyi’nsha bir na’rsenin’ negizinde jatqan degen ma’nini an’latadi’. Al tematika degen termin belgili bir jazi’wshi’ni’n’ yaki shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’nn’ negizinde jatqan mselelerdin’ birligi, ji’yi’ndi’si’, wo’zegi dep ayti’wg’a boladi’. Ko’rkem shi’g’armani’n’ temasi’ shayi’rdi’n’ su’wretlew obekti, predmeti menen tikkeley baylani’sli’.

Ko’rkem a’debiyatta su’wretlewdin’ obekti boli’p xi’zmet atqaratug’i’nlar - adam wo’mirinin’ h’a’r qi’yli’ qubi’li’slari’, ta’biyatti’n’ ko’rinisleri h’a’m tag’i’ basqalar boli’p tabi’ladi’. Ba’rinen beter, yen’ basli’si’, ko’rkem shi’g’armani’n’ predmeti boli’p adamni’n’ wo’miri h’a’m woni’n’ sotsialli’q ma’nisi xi’zmet yetedi. Yeger a’debiyatti’n’ predmeti usi’nday yetip tu’siniletug’i’n bolsa, sonda ko’rkem shi’g’armani’n’ temasi’n duri’s an’lawg’a boladi’.

Shayi’ra G.Matyaqubovani’n’ adamni’n’ ku’ni adam menen yekenligin aytatug’i’n jaqsi’ bir qosi’g’i’ bar. Bul qosi’q «Tappassan’» dep ataladi’. Usi’ qosi’qti’ toli’q ali’p qarayi’q.

Bul wo’mirdin’ bas-ayag’i’ sawaldur,
Mi’n’ ret woylap, bir ret juwap tappassan’.

Jeri de h’a’m aspani’ da qi’yaldur,

Kewlin’e tu’t sho’kse a’ptap tappassan’.
Sa’h’a’rlerde sah’rasi’nan gu’l izlep,
Ju’reklerge meh’ir menen jol izlep,
Jaqsi’ niyet, tileklerdi mol izlep,
Ya jaqsi’ so’z, ya bir sawap tappassan’.

Ay toli’p zulmetli tu’ndi jaqti’rtar,
Kewlim ayday meh’irdi i’nti’g’i’p ku’ter.
Ko’jlerimnin’ jasi’n samal qurg’atar,
Ju’rekti jubatar bir dos tappassan’.[5]

Adam wo’mirinin’ sotsialli’q ma’nisin ashi’p beriw h’a’r bir ko’rkem shi’g’armani’n’ basli’ wazi’ypasi’ boli’p tabi’ladi’. Bul qosi’qta usi’ ma’ni ashi’p berilip tur dep toli’q ayti’wg’a boladi’.

A’debiyatshi’ ali’mlardi’n’ ko’rsetiwi boyi’nsha, a’debiy tema jazi’wshi’ni’n’ yaki shayi’rdi’n’ wo’mir ta’jiriybesi arqali’ ju’zege keledi. Bul avtordi’n’ ko’p jasag’anli’g’i’ arqali’ yemes, insan wo’mirinin’ ta’jiriybesi - ne islengen, yendi neni islew kerek h’a’m qalay islew kerek degen sawallardi’ duri’s belgilep ali’wdan baslanadi’. Yekinshiden, tema tan’lap ali’ng’ani’ menen woni’ a’debiy obraz arqali’ sa’wlelendire almasa paydasi’ joq, shi’g’armani’n’ ko’rkemligi bolmaydi’.

Ko’rkem shi’g’armada temani’ ashi’w-h’a’r bir xali’qti’n’ psixologiyali’q wo’zinsheligi h’a’m da’stu’rleri, a’debiy ko’zqarasi’ h’a’m a’dbiyat tariyxi’ndag’i’ shi’g’armalardi’n’ ta’jiriybesin u’yreniw

[5].*Мәтякубова Г. Қәлб зүрәәти. Нөкис, «Карақалпақстан», 2004, 98-бет*

menen tikkeley baylani’sli’ boladi’. Shayi’rdi’n’ ideyali’q pozitsiyasi’ h’a’m woni’n’ milliy wo’zinsheligi - belgili bir da’wirdin’ temasi’n ashi’p beriwde u’lken xi’zmet atqaradi’. Mi’sali’, a’yyemgi da’wirlerden beri ashko’zlik penent qa’na’a’t, shug’i’lli’q penen qah’armanli’q, jamanli’q penen jaqsi’li’q, a’dillik penen nah’aqli’q, menmenlik penen kishipeyillik, wo’tirik penen shi’nli’q arasi’ndag’i’ u’lken gu’res ko’rkem a’debiyatta sa’wlelenip kiyati’r. Ko’rkem shi’g’armada wori’nsi’z, woni’n’ temasi’ menen baylani’spag’an bir de so’z, bir de ga’p, bir de waqi’ya aralasti’ri’lmawi’ talap yetiledi. Sonda a’debiyattag’i’ temani’n’ ma’nisin, woni’n’ ideya menen baylani’si’n duri’s tu’siniw mu’mkin.

Tema - ko’rkem shi’g’armadag’i’ barli’q waqi’yalardi’, woy-pikirlerdi, sezim-tuyg’i’lardi’ wo’zine ja’mlestirgen, wolardi’ woraylasti’rg’an, wolardi’n’ h’a’mmesin ju’yege sali’p, belgili bir da’wirdin’ ma’selesin sheship beriwge bag’darlang’an a’debiy kategoriya boladi’.

A’debiy shi’g’armani’n’ temasi’n ani’qlaw ushi’n woni’n’ ideyali’q-emotsiyali’q bag’dari’ menen tani’si’w kerek boladi’. Wol adam xarakterinin’, ma’selen poeziyada lirikali’q qah’arman obrazi’ni’n’ yaki basqa personajdi’n’ obrazi’ni’n’ jarati’li’wi’ menen jaqi’n baylani’sli’ yekenligi ma’lim.

Ko’rkem shi’g’armani’n’ temasi’ sol shi’g’armani’n’ mazmuni’n ani’qlaw menen shegaralani’p qalmaydi’, sol shi’g’armani’n’ mazmuni’ni’n’ yen’ basli’ ta’repi - shi’g’armada ko’terilgen ma’seleni sheship beriw menen tikkeley baylani’sli’ boladi’.

Shayi’ra  ja’miyetlik turmi’sti’ su’wretlew arqali’ jan’a turmi’sli’q kartinalardi’  do’retedi, wol waqi’yalardi’n’ mazmuni’n tu’sindirip beredi. Tu’sindiriw menen  birge shayi’r  sol ja’miyetlik turmi’s h’aqqi’nda h’u’kim shi’g’aradi’. Turmi’sti’ qayta do’retiw menen birge ko’rkem shi’g’arma turmi’sti’ tu’sindiredi, dep talqi’yi’n etiledi a’debiyattani’w iliminde.  Buni’n’ ma’nisi h’a’r bir ko’rkem shi’g’armani’ woqi’g’anda ju’da’ ani’q ko’rinedi.

Shayi’rdi’n’ niyeti, woni’n’  a’melge asi’ri’li’wi’, bul sol shi’g’armada wortag’a qoyi’lg’an wo’zekli ma’seleni tu’sindiriw arqali’, wolardi’n’ parqi’n aji’rati’p beriw arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. Shayi’r turmi’sti’ konkret ali’p, woni’n’ barli’q jekke wo’zinsheliklerine itibar berip su’wretleydi. Woni’n’ poetikali’q shi’g’armalari’nda  ayti’lg’an barli’q woylar, ideyalar anaw yaki mi’naw da’rejede wo’tmishti, bu’gindi h’a’m keleshekti bir noqatta  tu’yistiriw arqali’ beriledi.

A’debiyattani’w iliminde qabi’llang’an ani’qlama boyi’nsha, «ko’rkem shi’g’armani’n’ ideyasi’-bul sol shi’g’arma mazmuni’ni’n’ barli’q  ta’replerinin’ birligi-temasi’, problematikasi’ h’a’m ja’miyetlik turmi’sti’ bah’alawi’,  obrazli’, emotsionalli’q uli’wmalasti’ri’wshi’ woyi’ boli’p tabi’ladi’»[6].

İdeya - da’wirden, adamlardi’n’ turmi’si’nan tuwi’ladi’.  Soni’n’ ushi’n wol adamlardi’n’ wo’mirleri arqali’ ju’zege kelip, belgili  bir da’wir menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’.

*İdeya* -  grek so’zi boli’p,  proobraz, ideal degen so’zlerdin’ ma’nisine tuwra keledi. Al ko’rkem a’debiyatta avtordi’n’ su’wretlenip

---

[6] Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987. – 110-бет.

ati'rg'an waqi'yalarg'a, adamlarg'a, wolardi'n' jasag'an da'wirlerine qatnasi' shi'g'armani'n' ideyasi'n ju'zege shi'g'aradi'.

Ko'rkem shi'g'armani'n' ideyasi' sol shi'g'armada su'wretlengen waqi'yalardi'n' woqi'wshi'ni'n' jan du'nyasi'na emotsionalli'q ta'sir yetiw ku'shinen ibarat.

Biz shayi'ra qi'zlari'mi'zdi'n' lirikali'q shi'g'armalari'n woqi'g'ani'mi'zda, wondag'i' ayti'lg'an h'a'r bir so'zge, ga'pke, woni'n' mazmuni'na itibar berip qarasaq, wolarda ideyalardi'n' sarras h'a'm ayqi'n berilip turg'anli'g'i'n ko'remiz.

Bul ideyalar jaqsi'li'qqa xi'zmet yetiwshi, woqi'wshi'ni' adamgershilikli boli'p jasawg'a shaqi'ri'wshi' ideyalar boli'p tabi'ladi'. Usi'lay yetip shayi'ralardi'n' shi'g'armalari'ndag'i' ideyalar uli'wma adamzatli'q qa'diriyatlar menen ushlasi'p ketedi.

Bul shi'g'armalardi'n' ideyalari' til sheberligi h'a'm obrazlar sistemasi' arqali' teren' ja'ne h'a'rta'repleme ashi'lg'ani'n ko'remiz. Ko'rkem shi'g'armani'n' ideyasi' menen ja'miyetlik turmi's h'aqi'yqatli'g'i'ni'n' bir-birine sa'ykes keliwi a'debiyatti'n' ni'zami' dep ayti'wg'a boladi'. Turmi'sti' boyap ko'rsetetug'i'n shi'g'arma woqi'wshi'ni' aljasti'radi', adasti'radi', naduri's jollarg'a saladi'.

Ko'rkem shi'g'armani'n' ideyasi' -yeger wol xali'qshi'lli'q, watanshi'lli'q tuyg'i'si' menen suwg'ari'lg'an bolsa, joqari' adamgershilik tiykari'nda do'retilse, wonda woqi'wshi'ni'n' ruwxi'y du'nyasi'na, moralli'q sezimine duri's bag'dar beredi.

Shi'g'armadag'i' joqari' ko'rkemliktegi mazmundi' wo'zegi h'aqi'yqatli'qtan suwg'ari'lg'an ideya g'ana ju'zege shi'g'ara aladi'.

Lirikali’q shi’g’armalardi’n’ insan turmi’si’ni’n’ qanday ma’selelerin qozg’ag’ani’ - ko’rkemlik problemasi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’. İnsan ushi’n a’h’miyetlik ma’seleni tawi’p, woni’ wo’z shi’g’armasi’nda ko’rkemlep jetkere alg’an qa’lemkesh tabi’sqa yerisedi. Woqi’wshi’ wo’zi ushi’n a’h’miyetli bolg’an temani’ ko’rse g’ana shi’g’rmani’ woqi’ydi’. Wo’zinin’ ruwxi’y du’nyasi’ ushi’n a’h’miyeti joq shi’g’armalardi’ woqi’wshi’ woqi’maydi’.

Ma’selen, biz shayi’ra G.Matyaqubovani’n’ «Ota uyim» toplami’na kirgen «Hikmatlar kwp» dep atalg’an qosi’g’i’ni’n’ baslani’wi’n ali’p qarayi’q.

Hikmatlar kwp kungil ichida,
Yillar wtib sen keksaygan dam.
Aql ёshning singlisi bwlib,
Qwyar kwngil dardiga malh’am.

Eh’, umr, sen juda shoshqaloq,
Ywl yursam-da men juda uzoq,
Har kuni yangidan yashashga tayёr,
Yurak toshib, qayga shaylanar,
Aql Yangi kurashga tayёr…[7]

---

[7] *.Матёқубова Г. Ота уйим. Тошкент. «Sharq»., 2014. 61-бет*

Demek, baslani’wi’nan ko’rinip turg’ani’nday, bul qosi’q insan wo’miri, woni’n’ qa’dir-qi’mbati’, adamgershiliktin’ insan wo’mirinin’ basli’ qa’diriyati’ yekenligi tuwrali’.

Bul tema woqi’wshi’ni’ wo’zine tartadi’. Shayi’ra insan wo’miri h’a’m adamgershilik pazi’yleti tuwrali’ ne woylaydi’, qanday pikir ju’ritedi-woqi’wshi’ usi’ni’ biliwge qi’zi’g’adi’, shayi’rani’n’ pikirlerinen wo’zine paydali’ bir na’rse ali’wg’a umti’ladi’. Demek, shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’ni’n’ tematikasi’-woni’n’ poetikali’q sheberligin ashi’p beriw ushi’n a’h’miyetli.

Ha’r bir qa’lemkesh turmi’sta wo’zin qi’zi’qti’rg’an ma’selelerdi shi’g’armalari’na tiykarg’i’ wo’zek - yag’ni’y tema yetip tan’laydi’. Usi’ ma’sele tuuwrali’ wo’z sezimleri h’a’m pikirlerin beredi. Tan’lag’an temasi’ arqali’ jazi’wshi’ni’n’ yaki shayi’rdi’n’ ko’rkemlik sheberligi ashi’ladi’.

Qa’lemkeshtin’ poetikali’q wo’zinsheligin ani’qlawda tematikani’n’ a’h’miyeti tuwrali’ arnawli’ a’debiyatlarda, ali’mlari’mi’zdi’n’ miynetlerinde ko’p ma’rte so’z bolg’an.

«A’debiyattani’w terminlerinin’ russha-qaraqalpaqsha so’zligi»nde tema tuwrali’ mi’naday ani’qlama beriledi.

«Tema - ko’rkem shi’g’armani’n’ aldi’na qoyg’an tiykarg’i’ maqseti h’a’m problemasi’. Ko’rkem shi’g’armani’n’ temasi’ jazi’wshi’ni’n’ neler h’aqqi’nda h’a’m qaysi’nday ma’seleler tuwrali’ pikir ju’ritiwdi ani’qlap ali’wi’ boli’p tabi’ladi’. Bularsi’z sap ko’rkem do’retpe ju’zege keliwi mu’mkin yemes. Demek, da’wirdin’ a’h’miyetli ma’selelerin taba biliw ko’rkem shi’g’armag’a tema tan’lawdi’n’ negizgi sha’rtlerinin’ biri h’a’m wol ideya menen ti’g’i’z baylani’sli’. Bulardi’n’

barli’g’i’ jazi’wshi’ni’n’ sheberliginen, wo’mirlik h’a’m do’retiwshilik ta’jiriybesinen kelip shi’g’adi’».[8]

Ma’lim bolg’ani’nday, tematika qa’lemkeshtin’ do’retiwshilik wo’zinsheligin belgileytug’i’n basli’ wo’lshemlerdin’ biri boli’p tabi’ladi’. Bul ma’sele tuwrali’ professor K.Ma’mbetov bi’lay dep ko’rsetken yedi: «Ko’rkem shi’g’armani’ toli’q tallaw ushi’n woni’n’ temasi’ menen ideyasi’, formasi’ menen mazmun birliginin’ saqlani’wi’, avtor so’zi, portret penen peyzaj, monolog h’a’m dialog, so’z quri’li’si’, qosi’q quri’li’si’, detal, h’a’mmesi de so’z boladi’».[9]

A’debiyatti’n’, soni’n’ ishinde poeziyani’n’ tematikasi’, temalari’ni’n’ bag’darlari’ - bular wo’mirlik ma’seleler, insan wo’mirinin’ problemalari’, adamlar arasi’ndag’i’ mu’na’sibetler, insanni’n’ ja’miyette jasawi’ni’n’ h’a’r qi’yli’ problematikali’q ta’repleri...

Biz G.Matyaqubovani’n’ poetikali’q shi’g’armalari’nda wo’mirdin’ usi’ ra’n’ba’ren’ligin ko’remiz. Shayi’ra wo’mirdi h’a’rta’repleme poetikali’q usi’lda izertlep, wo’z kewil keshirmelerin, woy-pikirlerin, anaw yaki mi’naw na’rsege wo’z mu’na’sibetin woqi’wshi’g’a usi’nadi’.

Bul o’mirde ne jaqsi’ h’a’m ne jaman? Haqi’yqatli’q nede ko’rinedi h’a’m jalg’an qalay a’shkara boladi’?

Hadalli’q, iyman-insap degen tu’siniklerdin’ mazmuni’ nede?

Qa’na’a’t degenimiz ne?

---

[8] *Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў терминлериниң русша-қарақалпақша сөзлиги. – Нөкис, «Билим», 1994. – 210-бет.*

[9] *Мәмбетов К.Әдебият теориясы.- Нөкис, «Билим». 1995. - 91-бет.*

Adamgershilik pazi'yleti adamni'n' qanday is-h'a'reketlerinde ko'rinedi?

Mine, usi'nday insan wo'mirinin' unamli' h'a'm unamsi'z ta'repleri, qa'diriyatlari', sotsialli'q h'a'm a'dep-ikramli'li'q normalari' ja'ne ideallari'-barli'g'i' poeziyada so'z boladi'. Usi' problemalardi' shayi'ra wo'z lirikali'q shi'g'armalari'ni'n' temalari' yetip tan'laydi'.

Taqdir bir asal-la siylamas twg'ri,
Ravo h'am kwrmagay faqat zaxarni
Baxtinga quvonma ey Odam Wg'li,
Bilmaysan,
Ertaga ne bwlar,
Kelaëtgan omadmi ëki xatarmi.[10]

Mine, ko'rip turg'ani'mi'zday, bul qosi'qta wo'mirdegi jaqsi'li'q h'a'm jamanli'q, duri'sli'q h'a'm buri'sli'q ma'selesi tema retinde tan'lang'an. Ha'r kimnin' adamgershiliginin' qay da'rejede yekenligi usi' ta'rezide ko'rinedi. Ma'selen, jaqsi' adamdi' adamgershilikli adam yeken deymiz, jaman adamdi' adamgershiligi joq yeken deymiz. Biraq adamdi' tek bir adamni'n' pikiri menen bah'alaw mu'mkin yemes, ja'ne-tag'i' adamdi' bir boyaw menen boyap taslaw da h'aqi'yqatli'qqa tuwri' kelmeydi. Adamdi' xali'q bah'alawi' kerek. Xali'q-yen' a'dil ta'rezi. Yag'ni'y, xali'qti' quraytug'i'n ko'pshiliktin' uli'wma pikirinen tuui'lg'an bah'a - a'dil bah'a boladi'. Sebebi, bul bir adamni'n' pikiri yaki mu'na'sibeti menen sheshiletug'i'n ma'sele yemes. Bir adamni'n' «jaqsi'» degenin yekinshi birew «jaman» dep uyg'ari'wi' mu'mkin. Bul

[10] *Матёқубова Г. Қайтмоқ учун кетмоқдаман. Нукус, «Қарақалпақстан», 2007, 61-бет*

qosi’qta shayi’ra usi’ qi’yi’n ma’selenin’ basi’n ashi’p beriwge talpi’nadi’.

Yag’ni’y shayi’ra bul qosi’g’i’nda wo’mirdegi, insan xarakterindegi dialektikali’q qarama-qarsi’li’qti’ ashi’p berip tur.

Bul aydi’n’ won bes ku’ni jaqti’, won bes ku’ni qaran’g’i’ bolg’ani’nday ko’rinip turg’an h’aqi’yqat.

Mine, bul qosi’qta shayi’rani’n’ tan’lag’an temasi’ - wo’mirdegi h’a’m insan ta’biyati’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q temasi’ usi’lay ashi’p beriledi.

Shayi’rani’n’ basqa da qosi’qlari’nda da usi’ joqari’dag’i’ qosi’g’i’ndag’i’ tematikali’q leytmotiv dawam yettirilgen. Shayi’ra qosi’qlari’nda adamni’n’ qanday bolmawi’ kerekligi-yag’ni’y jaman qa’siyetlerden wo’zin ti’yi’p jasawi’ lazi’mli’g’i’ tuwrali’ so’z yetedi. Yag’ni’y, jamanni’n’ qanday bolatug’i’ni’n ayti’w arqali’ jaqsi’ni’n’ portreti si’zi’ladi’. Bul klassikali’q poeziyami’zg’a ta’n h’a’m h’a’zirgi shayi’rlari’mi’z ta’repinen de jemisli dawam yettirilip kiyati’rg’an poetikali’q usi’llardi’n’ biri.

G.Matyakupova muh’abbat temasi’n insanni’n’ boyi’ndag’i’ ag’la qa’siyetler-pazi’yletler menen baylani’sti’ri’p su’wretleydi. Yag’ni’y shayi’rani’n’ su’wretlewindegi shi’n muh’abbat - bul si’ylasi’qli’, adamgershilikli h’a’m a’dep-ikramli’ eki ju’rektin’ miywasi’.

Shayi’rani’n’ «Qa’lb zu’ra’ti» toplami’ndag’i’ «Ju’rek si’ni’qlari’», «Qa’lbime», «Siz bergen baxi’t», «Senin’ qara ko’zlerin’de jasar mi’n sawal», «Sizdi tapti’m» qosi’qlari’, «Qaytmoq uchun ketmoqdaman» toplami’ndag’i’ «Yurak siniqlari» du’rkimi si’yaqli’ do’retpeleri woni’n’ muh’abbat lirikasi’ni’n’ sa’tli shi’qqan u’lgilerine jatadi’.

Uli’wma alg’anda, G.Matyakupovani’n’ lirikasi’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q bag’darlari’ o’zinin’ sotsialli’q mazmuni’, turmi’sqa jaqi’nli’g’i’ menen aji’rali’p turadi’.

Biz shayi’rani’n’ ayi’ri’m qosi’qlari’na kewil bo’lsek, woni’n’ menmenlikten, shug’i’lli’qtan, wo’zimshillikten awlaq boli’wg’a shaqi’ri’p turg’anli’g’i’n ko’remiz. Bul illetler tek bu’gingi bizlerdin’ yemes, yerten’gi a’wladti’n’ da joli’na kes boladi’, dep jwmaq shi’g’aradi’ shayi’ra. Soni’n’ ushi’n bir-birewge h’u’rmet-izzet penen qatnas jasaw, mu’riwbetli, si’ylasi’qli’ turmi’s keshiriw, bir-birimizdin’ qa’dirimizdi bilip jasaw-adamgershilik pari’zi’mi’z deydi wol. Mine, bul ga’plerde jas bolsa da ko’pti ko’rgen, ko’p na’rseni tu’singen, wo’mirdin’ ashshi’-dushshi’si’n tatqan, du’nyani’n’ barli’q ta’shwishlerin ju’reginen wo’tkerip jasap ati’rg’an insanni’n’ - shayi’rani’n’ jan tolg’ani’slari’n ko’remiz.

Qaraqalpaq h’ayal-qi’zlari’ni’n’ ta’biyati’ndag’i’ adamgershilik pazi’yleti Gu’listan Matyakubovani’n’ ko’p g’ana qosi’qlari’ni’n’ temasi’. Wol bul temani’ joqari’ ko’rkemlikte ashi’p bere aladi’.

Shayi’rani’n’ qosi’qlari’nda adam ta’g’diri problemasi’ basli’ wori’nda turadi’. Bul wo’zi tuwi’li’p wo’sken ma’kani’ni’n’ mashqalalari’, adamzat da’rti menen jasaytug’i’n shayi’rani’n’ tebirenisleri.

Watan h’a’m xali’q problemasi’, watanshi’lli’q temasi’ Gu’listan Matyakubovani’n’ u’lken shayi’rli’q sheberlik penen ji’rlap ati’rg’an temalari’ni’n’ biri. Wol shi’n ma’nisinde wo’z Watani’ni’n’, wo’z xalqi’ni’n’ patriot-watanshi’l shayi’rasi’.

A’debiyatti’n’ barli’q janrlari’nda avtor turmi’sli’q materialdi’ wo’z ju’regi arqali’ wo’tkeriwi, wo’zinin’ jan sezimi menen suwg’ari’wi’ sha’rt. Bul lirikag’a da ta’n boli’p, wonda shayi’rdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ni’n’ bayli’g’i’, fantaziyasi’, joqari’ adamgershilik sezimleri epikali’q shi’g’armalardag’i’day basqa personajlar arqali’ yemes, al shayi’rdi’n’ lirikali’q «meni» arqali’ beriledi. Mine, soni’n’ ushi’n shayi’r lirikada wo’zinin’ woy-sezimlerin ken’ ra’wishte sa’wlelendiredi.

Belgili teoretik L.İ.Timofeevtin’ ko’rsetip bergenindey, lirikani’n’ wo’zinsheligi sonda, wol epos h’a’m dramadag’i’day adamni’n’ toli’q tamamlang’an xarakterin yemes, al woni’n’ ayi’ri’m, biraq yen’ tiyisli a’h’miyetli jag’dayi’n su’wretlep beredi. İnsan wo’miri woni’n’ tuwi’lg’an topi’rag’i’nan, wo’z xalqi’nan, woni’n’ tu’sinik du’nyasi’nan, ana tilinen sag’alar aladi’. Ha’r bir insan wo’z yeli-xalqi’, Watani’ menen baxi’tli’. Bul jag’day a’sirese shayi’r ta’g’dirinde ayri’qsha ko’zge taslanadi’. Ko’rkem shi’g’arma woqi’wshi’g’a wo’zinin’ ideyali’q-emotsiyali’q tutasli’g’i’ menen ta’sir jasaydi’. Usi’ tutasli’q saqlanbag’an jerde woni’n’ woqi’wshi’ni’n’ sezim du’nyasi’na ta’siri bosan’laydi’. Adamni’n’ go’zzalli’qqa bolg’an qushtarli’g’i’n qanaatlandi’ri’w h’a’m woni’ ko’rkemlik a’lemine yengizip jiberiw - a’debiyattti’n’ estetikali’q ku’shine baylani’sli’. Usi’ wo’zinshelik shayi’ra qi’zlari’mi’zdi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’nda ayqi’n bayqaladi’.

Ha’r qanday ko’rkem shi’g’arma belgili bir da’wirdin’ mazmuni’ menen baylani’sqan boladi’.

Ko’rkem shi’g’armani’n’ mazmuni’ ja’miyetlik turmi’stan, adamlardi’n’ wo’mirinen kelip shi’g’adi’.

Ko’rkem shi’g’armani’n’ mazmuni’ menen formasi’ - bul bir pu’tin shi’g’armani’n’ birligi yekenligin a’debiyatshi’lari’mi’z ko’rsetip wo’tken. Solay yeken, wolardi’ aji’rati’wg’a bolmaydi’. Wolar bir pu’tin shi’g’armani’n’ yeki ta’repi. Tildegi so’zlerdin’ ja’rdemi menen ko’rkem shi’g’armada a’debiy obraz do’retiledi, woni’n’ mazmuni’, ideyalari’, temalari’ ju’zege shi’g’adi’. A’debiy obraz mazmun menen formani’n’ birliginen ibarat.

A’debiy shi’g’armani’n’ mazmuni’ menen formasi’ arasi’ndag’i’ birlik - shi’n ma’nisinde ko’rkemlik penen jazi’lg’an shi’g’armag’a ta’n boli’p tabi’ladi’. Ko’rkem a’debiyatti’n’ basli’ belgilerinn’ biri sol, qanday shi’g’armani’ ali’p qarasaq ta wonda adam h’aqqi’ndag’i’ woy-pikirlerdi ja’ne sezim-tuyg’i’lardi’ ko’remiz. Bul jag’day shayi’ra qi’zlari’mi’zdi’n’ poeziyasi’na toli’g’i’ menen tiyisli.

Shayi’ra Gu’listan Matyakubova a’debiyatqa wo’zine ta’n stili menen kirip keldi. Shayi’ra lirikalari’ni’n’ ko’rkemlik, janrli’q wo’zgeshelikleri yele arnawli’ tu’rde izertlengen joq. Biz bul pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’ni’n’ ideya-temtikali’q, ko’rkemlik wo’zgesheliklerin, shayi’rdi’n’ do’retiwshilik izlenislerin, ko’rkem forma tabi’wdag’i’ sheberliklerin u’yrene woti’ri’p to’mendegishe juwmaqqa keldik.

Birinshiden, g’a’rezsizlik ji’llari’nda shayi’ra do’retiwshiliginde ideyali’q-tematikali’q bag’dar yele de ra’n’ba’ren’lesti. Bug’an so’z yerkinligi, tema yerkinligi mu’mkinshilik ashi’p berdi. Shayi’r yen’ aktual problemalardi’ wo’z shi’g’armalari’na tiykar yetip aldi’.

Yekinshiden, shayi’rdi’n’ bul da’wirdegi lirikali’q qosi’qlari’ni’n’ ko’rkem formasi’, janrli’q qa’siyetleri ra’n’ba’ren’.

Poeziyadag'i' yen' ken' kollani'lg'an ko'rkem forma-murabba u'lgisindegi qosi'qlar. Uyqas formasi' ko'binese aaab, al a-a-b-a, a-b-a-b formasi' siyrek ushi'rasadi'. Keyingi ko'birek qollani'lg'an forma-verlibr. Shayi'rdi'n' yeki qatarli' qosi'qlari' da, to'rt qatarli', bes qatarli', alti' qatarli' qosi'qlari' da, tolg'aw si'yaqli' shubi'rtpali' qatarlardan turatug'i'n qosi'qlari' da to'rtlikleri de usi' formada jazi'lg'an.

Bunnan basqa shayi'rdi'n' do'retiwshiliginde to'rtlikler, u'sh qatarli' yapon xokkulerine usatpa qosi'qlari', segizlikler, bes, alti', jeti qatarli' qosi'qlarda ushi'rasadi'. Bul qosi'q formalari'ni'n' h'a'r biri belgili bir maqsetke bag'darlang'an h'alda shayrdi'n' woyi'n, ishki keshirmelerin ko'rkem obrazli' beriwde a'h'miyetli funktsiya atqari'p tur.

U'shinshiden, G.Matyakubovani'n' g'a'rezsizlik ji'llari'ndag'i' lirikalari' da'wir problemelari'na wo'zinin' h'a'zir juwapli'li'g'i' menen publitsistikali'q xarakterge iye. Wonda da'wirdin' a'h'miyetli ja'miyetlik, siyasiy, ekonomikali'q turmi'si' ko'rkem sa'wlelengen.

Sonday-aq A'miw-Aral problemasi' ko'rkem a'debiyatta belgili da'rejede sa'wlelenip ati'rg'an mashqalalar. İlimiy-texnikali'q rawajlani'wdi'n' na'tiyjesinde ju'zege kelgen mashqaladan ta'biyat azap shegip ati'r, pataslanbaqta.

Adam ta'biyatta jaqsi' turmi's keshiriw ushi'n qolayli' jag'daylar kerek. Ta'biyatqa sanali' qatnas bolg'an jag'dayda g'ana bunday unamli' jag'daylar saqlani'p turi'wi' mu'mkin, soni'n' ushi'n da, h'a'zirgi waqi'tta insandi' ta'biyatqa sanali' qatnas jasawg'a ta'rbiyalaw- bul h'a'zirgi ku'nnin' yen' aktual ma'selelerinin' biri.

U’lkemizdegi usi’nday ekologiyali’q jag’day pu’tkil ja’miyetshilikti, soni’n’ ishinde ko’rkem so’z sheberlerinde yelege deyin tolg’andi’ri’p kiyati’r.

Shayi’ra G.Matyakubovani’n’ da bul ma’selelerdi ko’rkem do’retiwshilikte sa’wlelendiriwde wo’z aldi’na stili bar. Woni’n’ tikkeley usi’ problemalarg’a arnalg’an qosi’qlari’nda lirik qah’armanni’n’ ta’biyattag’i’ h’u’kim su’rip ati’rg’an jag’dayg’a, duzlani’wg’a baylani’sli’ ishki tolg’ani’slari’ a’h’miyetli detallar arqali’ beriledi.

Shayi’rdi’n’ lirikali’q qah’armanlari’ sxematizmnen pu’tkilley awlaq, ja’miyettin’, zamani’ni’n’ ta’shwishlerin, da’rtlerin wo’z boyi’na sin’irip, wolar menen gu’n’irenedi, tolg’anadi’. Bul wo’z gezeginde ko’rkem do’retiwshilikte shayi’rlardi’n’ gu’yzeliske tu’sip, da’wir mashqalalari’na wo’zinshe sheshim izlep ati’rg’anli’g’i’nan derek beredi. Bunday xarakterdegi lirikali’q qah’arman obrazlari’ Aral-A’miw tragediyasi’, ekologiya, xali’q turmi’si’na baylani’sli’ wo’zgerisler su’wretlenetug’i’n shi’g’armalari’na ta’n.

G.Matyakubova lirikalari’ndag’i’ ko’rkemlik izlenislerdin’ biri- syujet quri’w ma’selesi. Bunda shayi’rdi’n’ wo’z joli’ bar. Lirik qah’armanni’n’ ishki debdiwlerin, wo’kinishlerin h’a’m t.b. sezimlerin beriwde avtor kishi, tarti’mli’ syujetlerden qolllanadi’. A’debiy do’retiwshiliktegi bul izlenisler lirikali’q qah’arman obrazi’n jarati’wda biraz alg’a ilgerilewdi ko’rsetedi. Lirikali’q qah’armanni’n’ woy-sezimleri qi’sqa qosi’q qatarlarda, a’h’miyetli detallarda awi’spali’ su’wretlew quralları’ arqali’ sheber jetkerilip beriledi.

Soni’n’ menen birge, shayi’rdi’n’ geypara qosi’qlari’nda lirikali’q qah’arman jarati’wda kemshiliklerde joq yemes. Ayi’ri’m lirikalari’ndag’i’ personaj obrazlari’nda dekloratsiyali’q belgiler de ko’rinedi.

## II bap. G.Matyakubova poeziyasi’nda muh’abat temasi’

Shayi’ra wo’z do’retpelerinde woqi’wshi’g’a jetkerejaq ideyalardi’ h’a’m tan’lag’an temalari’n ashi’p beriwdegi ko’rkemlik sheberligi ayri’qsha di’qqatqa i’layi’q.

Shayi’ra G.Matyakubova wo’zinin’ yen’ sa’tli lirikali’q shi’g’armalari’nda woqi’wshi’lari’n joqari’ adamgershilik penen jasawg’a shaqi’radi’. Shayi’ra wo’zinin’ jaqsi’li’q, adamgershilik tuwrali’ ideyalari’n qosi’qlari’ni’n’ duri’s tan’lang’an temalari’ arqali’ ashi’p beredi. Al bul temalardi’ ashi’p beriwdegi ko’rkemlik sheberlik bul lirikali’n’ shi’g’armalardi’n’ joqari’ quni’n belgileydi.

Shayi’ra bir qatar qosi’qlari’nda adamgershilik problemasi’n semyadag’i’ yerli-zayi’pli’lardi’n’ arasi’ndag’i’ mu’na’sibet mi’sali’nda ashi’p ko’rsetedi.

Wol «Da’ryag’a bati’p barati’rg’an quyash» atli’ qosi’g’i’nda.

A’ziz dosti’m menin’!
Sz menin’ qa’lbimnin’
Muqa’ddes mu’lki.
Bu’gin bolsa Sizge,
Aytari’m soldur:
Bul da’rya qanshelli sin’isse jerge,
Bul da’rya toli’ssa,
Bag’larg’a aqsa,
Siz menin’ qa’lbime sin’gen da’ryasi’z![11]

---

[11] *Мәтякубова Г. «Қәлб зүрәәти», Нөкис, «Қарақалпақстан». 2004, 99-бет.*

G.Matyakubova woqi'wshi'g'a woy salatug'i'n ko'zqaraslari'n h'a'm kewil keshirmelerin duji'ri'mli', tuwri'dan-tuwri' tu'rde jetkeriwge umti'ladi'.

Shayi'rani'n' lirikali'q shi'g'armalari'ni'n' tiykarg'i' temasi' - bul muh'abbat. Wol wo'zinin' ko'rkemlik sheberligin usi' muh'abbat temasi'ndag'i' qosi'qlari'nda ayqi'n ko'rsete aldi' dep ayti'wg'a boladi'.

Qosi'qlari'nda ji'rlang'an muh'abbat - bul ma'zi jalan'ash sezimlerdin' ta'riypi yemes, al, ulli' maqsetler h'a'm a'rmanlar menen jasap ati'rg'an janlardi'n' ju'rek du'rsildisi.

Ma'selen, biz woni'n' «Jag'ada» atli' qosi'g'i'n analizlep qarayi'q.

Ay shi'g'ar Qi'zketken jag'alari'nda
Tolqi'nlar ag'i'zar aydi'n' nurlari'n.
Gu'mis jiydelerdin' xosh gu'llerindey
Qa'lbim ta'kirarlaydi' wo'tken wo'mirin.

Shaqalarda alti'n qon'i'rawshalar
Misli dabi'l qag'ar samallar esse.
Xosh iyis tarali'p jayi'li'wdi' an'sar
Samallar Siz boli'p jollari'n tossa.[12]

Qosi'q lirikali'q qah'armanni'n' pinh'ami' mu'na'sibetinin' ta'riypinen baslanadi'. Lirikali'q qah'armanni'n' ishki debdiwleri ta'biyatti'n' go'zzal du'nyasi'n a'jayi'p su'wretlewlerge worap beriw arqali' ashi'p beriledi. Mine, bul lirikali'q qah'armanni'n' h'alati'n sa'wlelendiriwdegi shayi'rani'n' na'wbettegi sa'tli qa'demi sanaladi'.

Ju'regim tuwlaydi' men an'sag'an dil,

---

[12] *Мәтякубова Г. «Қәлб зүрәәти», Нөкис, «Қарақалпақстан». 2004, 79-бет*

Men shi’qqan jag’adan a’stelep wo’tse.

Menin’ jollari’ma i’nti’q, intizar,

Men kibi ko’zinde jas penen ku’tse…

Ay shi’g’ar Qi’zketken jag’alari’nda…[13]

Ko’rip turg’ani’mi’zday, lirikali’q qah’armanni’n’ wo’z ashi’g’i’n ti’ni’msi’z izleydi, ta’biyat penen si’rlasadi’.

Qaran’, bul jerde qanday u’lken ma’sele qozg’ali’p tur. Lirikali’q qah’arman muh’abbat seziminin’ du’nyani’n’ pa’kligi si’yaqli’ ideal na’rse menen ushlassa g’ana payanli’ bolari’n aytadi’ Muh’abbat sezimi - bul pa’k sezim boli’wi’ kerek, al jerdn’ betinde adamlardi’n’ baxi’tli’ jasawi’ ushi’n du’nyada pa’klik boli’wi’ kerek. Mine, muh’abbatti’n’ pa’kligi menen du’nyani’n’ pa’kligi - bular bir-biri menen si’n’ar, yegiz tu’sinikler. Ju’reginde pa’k muh’abbat sezimi jasap turg’an adam adam du’nyani’n’ pa’kligi ushi’n gu’resedi. Bul qatarlardan sonday ma’ni an’lasi’li’p tur.

Bunnan soni’ an’g’arami’z, lirikali’q qah’armanni’n’ ashi’g’i’ - ja’miyetti ta’rbiyalaw, adamlardi’n’ alji’-bulji’, qi’ysi’q jerlerin du’zetiw joli’nda gu’resip ati’rg’an insan.

Lirikali’q qah’arman wo’z ashi’g’i’n bul wo’mirdegi wo’zi biletug’i’n adamlardi’n’ barli’g’i’nan joqari’ qoyadi’ - wol tek soni’n’ bah’asi’na mu’ta’j, soni’n’ pkirin kerek yetedi, basqalardi’ wol pisent tutpaydi’. Basqalar woni’n’ ko’zine pa’jmu’rde ko’rinedi. Basqalar lirikali’q qah’armanni’n’ ashi’g’i’ni’n’ qarsi’si’nda - pildin’ qasi’ndag’i’ qumi’ri’sqalar si’yaqli’ bir ju’rgen ja’nlikler. Lirikali’q qah’arman tek

---

[13] *Сонда. 79-80-бетлер*

wo’z ashi’g’i’na isenedi, tek soni’n’ ku’lkisi woni’n’ ushi’n h’aqi’yqi’y ku’lki, soni’n’ ko’z jasi’ - woni’n’ ushi’n h’aqi’yqi’y ko’z jas.

Lirikali’q qah’arman bul sezim qushag’i’nda wo’zinin’ is-h’a’reketlerinin’ ta’biyiy sa’wleleniwin Bere alg’an. Sebebi ta’biyat penen si’rlasi’w h’alatlari’ isenimli shi’qqan. Bul h’alatta lirikali’q qah’arman tu’nde shamni’n’ jari’g’i’nan ko’zi baylani’p, sog’an tu’sip jani’p jani’n pida yetiwge asi’g’i’p kiyati’rg’an gu’belekti yesletedi. Bug’an tan’lani’wg’a yaki bul ko’zsizligi ushi’n lirikali’q qah’armandi’ ayi’plawg’a bolmaydi’, sebebi nag’i’z muh’abbat sezimi usi’nday yetip adamni’n’ aqi’l-h’uwshi’n jawlap aladi’ h’a’m woni’ suli’w soqi’r etip taslaydi’. Yag’ni’y shayi’ra bul jerde muh’abbat sezimi menen jasap ati’rg’an nashardi’n’ psixikali’q h’alati’n sheberlik penen h’a’m ani’q detallar arqali’ da’l jetkerip tur.

Lirikali’q qah’arman bir na’rsege gu’manli’, bir na’rsenin’ basi’n ashi’p alg’i’si’ keledi - wol usi’ sezim tutqi’ni’nda baxi’tli’ ma ya baxi’tsi’z ba?

Mine, usi’nday psixologiyali’q na’zik ta’repleri menen bul qosi’q woqi’wshi’g’a qatti’ ta’sir jasaydi’. Bul jerde parallelizm usi’li’ qollani’li’p, adam menen ta’biyatti’n’ h’alati’ bir ko’zqarastan ali’p qarali’p berilip tur. Bul obrazlar adamdag’i’ h’a’m ta’biyattag’i’ dag’dari’s h’alati’n beriw ushi’n isletilgen. Negizinde, adam menen ta’biyat - yegiz tu’sinik, yeger ta’biyat zardap shegip ati’rsa - adam jetimsireydi, adam qi’ynali’p ati’rsa - ta’biyat qosi’li’p azap shegedi... Qosi’qtan, mine, usi’nday filosofiyali’q woy jo’nelisleri an’g’ari’ladi’.

Biz buni’ Gu’listan Matyakubovani’n’ lirikasi’ni’n’ psixologiyali’q jaqtan teren’ligi si’pati’nda bah’alawi’mi’zg’a boladi’. Psixologizm - bul da poeziyadag’i’ ko’rkemliktin’ bir qi’ri’.

Wo’ytkeni wol o’zinin’ doretiwshilik joli’, wo’z temalari’ h’a’m shayi’rli’q stili menen aji’rali’p turadi’. Shayi’ra a’sirese h’ujdan, adamgershilik, ar-nami’s, insap-iymanli’li’q temalari’na ko’p qa’lem terbetedi. Bul shi’g’armalarda wol Berdaq, A’jiniyaz, Ayapbergen Muwsaev, İbrayi’m Yusupov si’yaqli’ klassik shayi’rlari’mi’zdi’n’ joli’n dawam yetip, jas a’wladti’n’ ta’rbiyasi’na paydali’ aqi’l-na’siyatlar beredi. Mine, usi’ jag’i’nan Gu’listan Matyakubovani’n’ shi’g’armalari’ni’n’ ta’rbiyali’q a’h’miyeti ku’shli. Wolar bizin’ zamang’a i’layi’q ta’rbiyalang’an a’wlad boli’p jetilisiwimizge ja’rdem yetedi, ruwxi’y azi’q boladi’.

Gu’listan Matyakubova muh’abbat tuyg’i’si’n toli’p-tasi’p, yoshi’p ji’rlap kiyati’rg’an shayi’ralari’mi’zdi’n’ biri. Wol muh’abbat temasi’n ashi’p beriwde teren’ psixologizmge toli’ qatarlardi’ do’retedi.

Shayi’ra wo’z lirikali’q qah’armani’ni’n’ yen’ bir baxi’tli’ demlerin bi’lay su’wretleydi.

Jism aro jonim Dwstim, jonda jah’onim yaxshisiz,
Bir balosiz kwlima h’am balogardonim yaxshisiz.

U dunëi- bu dunëda ywqotmasman Sizni h’ech,
Ham Oli jonimni qayta berguvchi jonim yaxshisiz.

Bir meh’rli swzingizda mangulik h’ikmati jo,

Avvalim, h’am oxirimga bita zamonim yaxshisiz.[14]

Muh’abbat du’nyasi’ sag’i’ni’shlarg’a h’a’m intizarli’q demlerine toli’. Ashi’q ju’rekler birde birge bolsa, birde ayra tu’sedi - bunday demlerde wolar bir-birine i’nti’qli’q penen jasaydi’. Usi’nday muh’abbatti’n’ wotli’ demlerin shayi’ra asa sheberlik penen su’wretley bilgen.

Suxbatingiz bizga etmas,
Bazmingiz kimlar bilan,
Kunda mexmon xush zabonlar
donolar, zwrlar bilan.
Dog’i h’ijron biznikidur
Siz zavqi-sirlar bilan.[15]

Mine, qi’z jani’ni’n’ usi’nday si’rli’, jumbaqli’ qashi’ri’mlari’ Gu’listan Matyakubovani’n’ qosi’qlari’nda na’zik sezimler menen ra’n’ba’ren’ h’a’m shiyrin so’zler menen su’wretlenedi.

Gu’listan Matyakubovani’ shi’n ma’nisindegi qi’z jani’ni’n’ qupi’ya si’rlari’n h’a’m qashi’ri’mlari’n ashi’p bere alg’an muh’abbat ji’rshi’si’ dep ayti’wg’a boladi’.

Shi’g’armani’n’ ko’rkemligine woni’n’ ideyali’q mazmuni’ni’n’ beriliwinen baslap, syujet quri’w, obraz jasaw, personajlardi’n’ adam xarakterin ashi’w, waqi’yalardi’ baylani’sti’ri’w, til sheberlegi h’a’m tag’i’ basqalar kiredi. Shi’g’armani’n’ ishinde su’wretlengen obekti woqi’wshi’ni’n’ yadi’nda qali’wi’ ushi’n shayi’r ko’rkem so’z nag’i’shi’n

---

[14] *Матёқубова Г. Қайтмоқ учун кетмоқдаман. Нукус, «Қарақалпақстан». 2007. 34-бет*

[15] *Сонда. 32-бет*

qollanadi’. Ko’rkemlik a’debiyatti’n’ tiykarg’i’ si’pati’ bolsa, wol ko’rkemlik obrazli’ so’zlerdin’ ja’rdemi menen ta’miyinlenedi.

Muh’abbat sezimleri insandi’ jaqsi’ ta’replerge iytermeleydi, su’ygen adam jaqsi’ bolg’i’si’ keledi, bul adamzatti’n’ du’nyasi’ndag’i’ ju’da’ ku’shli h’a’m na’zik sezim. Muh’abbat adamdi’ baxi’tli’ da h’a’m baxi’tsi’z da etedi. Biraq, muh’abbatti’ qa’dirlep biliw kerek, su’ygenin’e sadi’q boli’w kerek. Mine, soni’n’ ushi’n da shayi’r «Shaydo yurak» dep atalg’an qosi’g’i’nda bi’lay dep jazadi’:

Umr savdosisan muh’abat
Meh’ir vafosisan muh’abat,
Rubobimning toriga kwchgan,
Kwngil sadosisan muh’abbat.[16]

Gu’listan Matyakubova insan sezim-tuyg’i’lari’ni’n’ ulli’li’g’i’n ta’riyplewge jali’qpaytug’i’n shayi’ra. A’sirler dawami’nda ja’h’a’n a’debiyati’ poeziyasi’nda watang’a muh’abbat penen birlikte ma’n’gilik tema boli’p kiyati’rg’an adamg’a muh’abbat, yag’ni’y i’shqi’ni’n’ go’zzalli’g’i’n, h’a’r bir kewilde woni’n’ ta’kirarlanbas tulg’ag’a iye yekenligin qosi’qlari’nda so’z yetedi.

Qosi’qlari’nda adamlarg’a ta’n quramali’ sezimler tan’ qalarli’q da’rejede ka’rkem su’wretlengenligi ta’siyin qaldi’radi’.

Sizdi berdi mag’an qudayi’m,
Quyashi’msi’z batqan da’rg’a.
Tolqi’nlarg’a nur boli’p sin’ip,
Da’rya boli’p tolg’an ziyag’a!

*Ko’rdin’iz be, da’rya, ziya, siz, men* h’a’m de *quyash*…

---

[16] *Сонда. 32-бет*

Bul so'zler wo'z aldi'na ayti'lsa, wolar wog'ada a'piwayi' ma'nige iye boli'p, h'eshkimdi h'ayran qaldi'rmaydi', tolqi'tpaydi'. Gu'listan Matyakubovani'n' ko'pshilik shi'g'armalari'n, soni'n' ishinde «Da'ryag'a bati'p barati'rg'an quyash» toplami'n a'bden berilip, ta'sir ko'rsetip ati'rg'ani'n sezinesiz. Gu'listan Matyakubova do'retken tan' qalarli'q h'a'm a'jayi'p a'lemge kirgendey bolasi'z.

Bul a'lem bir qarag'anda ju'da' a'piwayi' boli'p ko'riniwi h'esh ga'p yemes. Hasli'nda quyash-bul meh'ir, muh'abbat, sewgi, i'shqi' simvoli' si'pati'nda ko'rsetilgen. Yen' a'h'miyetlisi usi' simvol ju'da' ko'p ma'nilerdi, wo'zine ta'n ken' ko'lemli si'yqi'rli' mazmundi' ja'mlep aladi'. Bul mazmunlar geyde ko'shpeli, geyde tuwra, yag'ni'y ta'biyat si'yqi'ri' si'pati'nda payda boladi'.

Ma'selen, «Quyashi'msi'z batqan da'rg'a» delingende, quyash ta, da'rya da bir payi'tti'n' wo'zinde yarg'a, qosi'qqa, ta'biyatqa, wo'mirge meh'ir-muh'abbat i'shqi'ni' bildiriw demlerin wo'z ishine aladi'. Ha'tte *batqan* degen so'z de tuwri', tikkeley *bati'w* ma'nisi menen unamsi'zli'q sesti de jan'lap ati'rg'anday ta'sir tuwdi'radi'. Aqi'r quyash batqannan keyin ku'n tu'nge, qaran'g'i'li'qqa aylanadi'. Qaran'g'i'li'q mi'sali'nda tek tu'nge yemes, al shi'n wo'mirge zi'yan keltiretug'i'n qandaydur qa'wipke ishara yetilip ati'rg'anli'g'i' sezilip turadi'. A'lbette, ishara yetiwdin' wo'zi menen is pitpeydi.

Soni'n' ushi'n, Men yag'ni'y lirikali'q qah'arman h'a'm wog'an dos, ashi'q si'pati'nda sa'wleleniwshi Siz-insan tulg'asi' jarati'lg'anli'g'i'na, h'a'r ir qosi'qta h'a'reket yetip ati'rg'anli'g'i'na gu'wa bolasi'z. Bul gu'wa wo'zin biyiqtiyar sol Men yaki Siz yamasa

u’shinshi adamday sezinip, Gu’listan Matyakubova qa’lemi jarqi’rag’an poeziya a’leminde jasap ati’rg’anday h’alatqa tu’sedi.

Belgili izertlewshi K.Xudaybergenov lirikali’q qah’arman obraz jarati’w ma’selesin shayi’rdi’n’ yen’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’nan yesaplap: «Lirikali’q geroy adamni’n’ ruwxi’y-du’nyasi’ni’n’ bayli’g’i’n ashpay turi’p, joqari’ ideyani’ bere almaydi’. Bul, lirikada poetikali’q ideyani’n’ oy-sezimler ag’i’mi’ arqali’ beriliw wo’zgesheligin ko’rsetedi»[17] dep ko’rkem shi’g’arma elementlerinin’ bir-birine ti’g’i’z baylani’sta yekenligin belgilep ko’rsetedi.

Bulardi’n’ ba’ri Gu’listan Matyakubovani’n’ wo’zine ta’n ta’kirarlanbas, ta’sirli poeziyali’q a’debiy-ko’rkem a’lem jarati’wg’a umti’li’p ati’rg’ani’ menen, h’a’zir a’yne usi’ a’lemdi mazmunli’q h’a’m formali’q jaqtan bayi’ti’w joli’nda iskerldik ko’rsetip ati’rg’anli’g’i’nan da’rek bermekte. Soni’n’ menen birge usi’ a’lem so’z wo’nerinde misli ko’rilmegen ulli’li’q da’rejesine ko’terilgen dep jar sali’p ati’rg’an joq.

Biz, shayi’ra G.Matyakubovani’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ndag’i’ qah’arman obrazi’ni’n’ jarati’li’wi’ arqali’ belgili bir ideyani’n’ su’wretlengenligin joqari’da qarap wo’ttik. Baqlawi’mi’zsha, ko’rkem shi’g’armada lirikali’q qah’arman beligili bir pikiri menen yemes, al sezimi menen jasaydi’. Demek, lirika-woy-sezimlerdin’ rawajlani’wi’.

Sizni topib,
Men insonni tanidim.
Swng Olloh’ni,
Swng Haётni.

---

[17] Худайбергенов К. Дәуир ҳәм парыз. Н. «Қарақалпақстан», 1987, 54-бет

Swng Wlimni,

Taniy boshladim.

Shayi’r qosi’qlari’nda lirikali’q qah’armanni’n’ sezimin woyati’wshi’ detallardi’, predmetlerdi su’wretley woti’ri’p, ku’tilmegen juwmaq beredi. Bul, ko’binese woqi’wshi’da u’lken estetikali’q ta’sir qaldi’radi’, wo’zine tartadi’, woqi’wshi’ni’ woylani’wg’a h’a’m wondag’i’ sezimlerdi woyati’wshi’ ku’shlerdin’ ta’sirinde qaldi’radi’. Bul, wo’z gezeginde lirikali’q qah’armanni’n’ tiplik xarakterge iye yekenligin belgileydi h’a’m qosi’qti’n’ ko’rkem mazmuni’n teren’lestiredi.

Lirikani’n’ mazmuni’ - bul insanni’n’ ishki sezimler du’nyasi’. Yag’ni’y adamdi’ tolqi’nlandi’rg’an, tolg’andi’rg’an, ti’ni’shsi’zlandi’rg’an, ku’yindirgen, qapalandi’rg’an, yoshlandi’rg’an sezimler lirikani’n’ mazmuni’n quraydi’. Bul h’aqqi’nda N.A. Dobrolyubov bi’lay jazadi’: «Shi’ni’nda da, bizin’ jan du’nyami’zda u’zliksiz tu’rde wo’tkinshi h’a’m ko’p tu’rli sezimler do’reydi. Usi’nday ta’sir- sezimlerdin’ h’a’r biri lirikali’q qosi’qqa mazmun bere aladi’».[18]

Shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’ndag’i’ ko’rkem poetikali’q izlenisleri ko’pshilik jag’daylarda obraz jasaw usi’llari’ menen baylani’sli’ qarasti’ri’ladi’. Sebebi ko’rkem obraz shi’g’armani’n’ ko’rkemligin ta’miyinleytug’i’n mazmun menen formani’ baylani’sti’ri’wshi’ tiykarg’i’ element yesaplanadi’. Lirikali’q qah’arman obrazi’nda da’wirdin’, xali’qti’n’ h’a’m jeke insan ruwxi’ ja’mlesken tu’rde beriledi. Yegerde usi’lardi’ shayi’r lirikali’q qah’arman obrazi’nda tiplestire almasa, wonda wol shi’g’armani’n’ mazmuni’ menen forma birligi

---

[18] Рус жазыўшылары әдебий мийнет ҳаққында. 2-том, 406-бет

«buzi’li’p», si’yqag’i’ shi’qqan so’zlerden quralg’an qatarlarg’a usap qaladi’. Buni’n’ menen biz lirikali’q qosi’qlarda turmi’sti’ ken’ su’wretlew kerek dep talap qoyi’wdan awlaqpi’z. Shayi’rdi’n’ qosi’qta barli’q na’rse h’a’m h’a’diyseler tuwdi’rg’an woy-sezimleri konkret beriliwi tiyis. Sonda g’ana lirikali’q qah’armanni’n’ ta’kirarlanbas kelbeti woni’n’ jan sezimi arqali’ sheber jarati’ladi’.

Lirika a’debiyatti’n’ wo’z aldi’na bir tu’ri si’pati’nda si’rtqi’ du’nyani’ sa’wlelendiriw talaplari’, ta’rtipleri boyi’nsha epika h’a’m daramadan pu’tkilley wo’zgeshelenedi. Yegerde proza h’a’m dramada waqi’yalardi’ bayanlaw h’a’m qah’armanlardi’n’ is-h’a’reketlerin usi’ waqi’yalarg’a, sha’rayatlarg’a baylani’sti’ri’p ko’rsetiw tiykarg’i’ wori’nda tursa, lirikada waqi’yalar bayanlap berilmeydi. «Lirika si’rtqi’ wortali’qti’n’ ta’sirinen payda bolg’an quwani’sh, su’yinish, qayg’i’-h’a’siret, ko’terin’kilik h’.t.b. sezimlerdi, tuyg’i’lardi’, ishki keshirmelerdi, ruwxi’y h’alatlardi’, woy-pikirlerdi emotsional qi’zg’i’nli’ (tolqi’nlang’an) so’zler arqali’ beredi. . . . Lirikali’q shi’g’armalarda tiykari’nan shayi’rdi’n’ wo’zinin’ ishki keshirmeleri beriledi, sonli’qtan ko’pshilik jag’dayda shayi’rdi’ lirikali’q qah’arman si’pati’nda qabi’l aladi’, yag’ni’y shayi’r menen lirikali’q qah’armandi’ qosi’p tu’sinedi. Biraq lirikada berilgen sezimlerdi tek shayi’rdi’n’ jeke turmi’si’nan ali’ng’an dep tu’sine beriwge bolmaydi’. Shayi’r wo’zinen basqani’n’ da ishki ruwxi’y jag’daylari’na kire ali’w uqi’bi’na h’a’m lirikali’q-«men» arqali’ ko’p adamlardi’n’ ishki sezimlerin, da’rtlerin bere aladi’»[19]. Mine, lirikani’n’ basli’ qa’siyetleri usi’nnan ibarat.

---

[19] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ., Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги.-Н. «Билим», 1994,114-б.

Lirikali’q shi’g’armalarda su’yinish-ku’yinishleri, ishki keshirmeleri, arzi’w-a’rmanlari’ sa’wlelengen insan obrazi’ teoriyali’q a’debiyatlarda «lirikali’q qah’arman» termini menen ju’ritiledi.

Ko’pshilik jag’dayda a’debiyattani’w iliminde lirikali’q qah’arman degende «avtordi’n’ so’zi» tu’siniledi. İzertlewshiler bul jag’daydi’ tu’rlishe tu’sindiredi: Ma’selen, wo’zbek a’debiyatshi’si’ İzzat Sultan bul h’aqqi’nda bi’lay jazadi’: «Lirikani’n’ mazmuni’ yeki ta’repinen ani’q ra’wishte avtobiografiyali’q xarakterge iye. Birinshiden, lirikali’q shi’g’armag’a shayi’rdi’n’ wo’z basi’nan wo’tken bir waqi’ya woni’n’ qi’yali’na kelgen bir muqi’m pikir ya woni’n’ jeke wo’zin la’rzege salg’an bir sezim mazmun beriwi mu’mkin. Yekinshiden, shayi’r wo’zinin’ basi’nan wo’tpegen bir waqi’yani’ yaki jeke wo’zi sezinbegen bir sezimdi sa’wlelendirgende de, wol waqi’ya h’a’m sezimlerdi wo’zi ko’rgen, bilgen sezgendey sezimge berilmese, sol h’alatqa wo’zin sala bilmese woni’n’ sezimi h’aqi’yqi’y bola almaydi’, woqi’wshi’g’a ta’sir yetpeydi»[20].

Shayi’rani’n’ lirikali’q qah’armanlari’ ta’biyat da’rtin de, ja’miyet da’rtin de wo’zlerinin’ ju’regine jaqi’n aladi’. Bul da’rt woqi’g’an woqi’wshi’ni’ biyta’rep qaldi’rmaydi’.

Shayi’rani’n’ qosi’qlari’ni’n’ biri yekinshisinen si’rli’, ko’rkem. Wolarda lirikali’q qah’armanni’n’ kewil da’rti quramalasi’p, woy-wo’risi sheksizlikke sholasi’p bara beredi.

Qaratal iyiler,
Ju’rek jarasi’na
ma’lh’am bolmaqshi’.

---

[20] Иззат Султан. Адабет назарияси. Тошкент, «Фан», 1980, 253-б.

Salmada suw ag’ar,

Ko’z jaslari’mdi’

juwi’p qoymaqshi’.

Qayg’i’ ka’rwanlari’

qa’lbimnen shi’g’i’p,

Qayaqqa ketpekshi?

Ey rux, sen

Qozg’alan’ salma!

Qara, aspandag’i’ juldi’zlar!

Basi’ma tu’sip

Shi’l-pa’rshe bolmaqshi’.

Si’ni’qlari’ ju’rekke bati’p,

Ma’n’gi ti’nbaqshi’…

Lirikali’q qah’armanni’n’ ju’rek tolg’ani’slari’nan, woni’n’ nala shegiwinen, dramatizminen kitapti’ uslap turg’an qollar qalti’raydi’. Wo’ytkeni, shayi’r kewil keshirmelerin beriw ushi’n woni’ waqi’ya, h’a’diyseler menen baylani’sti’ri’p bayanlap woti’rmaydi’, al taza sezim h’ali’nda jetkere aladi’. Qara tal, salmadag’i’ suw, aspandag’i’ juldi’zlar ko’rkem detal si’pati’nda lirikali’q qah’armanni’n’ ruxi’y h’alati’n bere alg’an. Ju’rek dag’dari’si’n usi’nday sezimtal, emotsional qatarlar menen beriw lirikag’a qup jarasatug’i’ni’n shayi’r jaqsi’ tu’sinedi. Shayi’rdi’n’ ko’rkem stili qa’liplesken. Woni’n’ lirikali’q qah’armani’ lirikali’q obektke Dosti’m yamasa Siz dep mu’ra’ja’t qi’ladi’. Shayi’r waqi’yali’li’qtan qashadi’, bul da lirikani’n’ tiykarg’i’ talaplari’ni’n’ biri.

Shayi’r shi’g’armalari’n wo’zbek tilinde jazg’ani’ menen woni’n’ qah’armanlari’ qaraqalpaqstanli’lar. Wol usi’ jurtti’n’ ta’biyati’n su’wretlewdi, insanlari’ni’n’ kewil keypiyati’n beriwdi shayi’rli’q kredosi’ yetip alg’ani’n qosi’qlari’nan seziwge boladi’. Shayi’rdi’n’ lirikasi’ go’ne su’rdew, yeski jol menen jazi’lg’an yemes, wolarda taza lep sezesen’. Woni’n’ shi’g’armalari’nda didaktikali’q pikirlewler tiykarg’i’ wori’ndi’ iyelemeydi. Wori’s shayi’rlari’na (ko’birek A.Axmatova, M.Tsvetaeva), Yevropa shayi’rlari’na ta’n bolg’an yerkin pikirlew, sezimge yerik beriw si’yaqli’ belgilerdi ko’riwge boladi’. Soni’n’ menen birge shayi’r shi’g’armalari’nda Worta a’sirlik Shi’g’i’s woyshi’llari’ni’n’ ta’siri de ko’rinedi. Bul belgiler shayi’r wo’z shi’g’armalari’n tek shayi’rli’q talantqa isenip jazbaytug’i’ni’nan, al izlenetug’i’ni’nan, du’nya a’debiyati’nan, du’nyali’q qa’diriyatlardan u’yrenetug’i’ni’nan da’rek beredi.

---

Shayi’rdi’n` do`retiwshiligine xarakterli bir na`rse wol turmi’si’mi’zdi’n` ku`ta` a`hmiyetli, aktual ma`selelerin wo`zinin` shi’g`armalari’nda sa`wlelendirip woti’radi’. Wol da`slepki shi’g`armalari’nan baslap-aq ku`ndelikli turmi’sqa qi’zg`i’n aralasi’p ha`m shayi’rli’q ma`deniyati’n jetilistirip, rawajlandi’ri’p baradi’. Lirikasi’ni’n` ko`rkemligi, woqi’wshi’ni’ wo`zine tarti’wshi’ si’ri’ woni’n` shi’n turmi’s haqi’yqatli’g`i’n ji’rlag`ani’nda.

Shayi’r wo`zinin` qosi’qlari’nda ha`m proazali’q do`retpelerinde xalqi’mi’zdi’n` qaharman gu`res joli’ni’n` iskerlik miynetinin` yen` a`hmiyetli da`reginen xali’q turmi’si’n duri’s, obektiv sheber janli’ suwretlendirgen shi’g`armalari’ qaraqalpaq a`debiyati’n rawajlani’w pa`tin tezletti.

G.Matyakubova do’retiwshiligi yele arnawli’ tu’rde teren’ izertlenbegen bolsa da, ko’pshilik belgili ilimpazlar shayi’ra do’retiwshiligine wo’z ko’z qaraslari’ menen h’a’o ta’repleme na’zer taslap, maqalalari’nda bah’alar bergen.

Ma’elen, filologiya ilimleri doktori’, K.Qurambaev to’mendegishe pikirlerin bildirgen: «…Gu’listan Matyakubova do’retiwshiliginin’ da’slepki ji’llari’nda son’i’n ala da jedel rawajlandi’ri’p, gezektegi jetiskenliklerge qaray wo’zine jol ashti’, woqi’p-u’yrendi, do’retiwshilik mashaqatlari’n jen’ip, ta’jiriybesin asi’ri’p bardi’. Bul ti’ni’msi’z miynet, izleniwler ko’p ku’ttirmey jaqsi’ na’tiyje berdi, woni’ asi’ri’mlardan, asi’ri’mlarg’a «samlday ushi’p o’tiwinde», kewil a’rmanlari’ h’a’m arzi’wlari’n so’z wo’neri arqali’ sa’wlelendiriwde pa’rwazi’na qanat boldi’. Gu’listanni’n’ h’a’zirge shekem a’debiyatti’n’ tu’rli janrlari’nda ja’riyalag’an shi’g’armalari’, baspadan shi’qqan kitaplari’ usi’ sheshimge keliwge, pikirimshe, toli’q tiykar boladi’»[21].

G.Matyakubova wo’zbek h’a’m qaraqalpaq a’debiyati’na ten’dey da’rejede xi’zmet yetip kiyati’rg’an do’retiwshi. Wo’z ta’g’dirin, ja’miyetlik xi’zmetlerin, qalaberdi, do’retiwshiligin usi’ jurt, usi’ watan ta’g’diri menen baylani’sti’ri’p, woni’n’ jarqi’n keleshegi ushi’n pidayi’ miynet yetip ju’rgen da’wirimijdin’ yen’ aldi’n’g’i’ qatardag’i’ zi’yali’lari’nan biri.

Bunday pida’kerlikti wo’z ju’regi, teren’ qa’lbi menen ji’rlag’an qosi’qlari’nan da an’g’arsa boladi’.

Bir toza sah’ifa ochmoq niyatim,
Muqaddas burch yashar pokiza qonda.

---

[21] *Matёқубова Г. Ота уйим. Т. «Sharq». 2014. 5-,tn*

Avlodlarga ibrat bwlsa meh'natim,
Bir baxt bwy tiklaydi Wzbekistonda.

Muqaddas damlarga sallanmo yurtim,
Har giёh' chechagin aziz, mwtabar.
G'urur, İftixorim, Shonim, Shavkatim,
Jah'onga maqtansam loyiq shodilbar.[22]

Bunday jali'nli' qatarlardi' shayi'rani'n' son'g'i' «Ota uyim» toplami'nda berilgen derlik barli'q qosi'qlari'nan ushi'rati'wi'mi'zg'a boladi'. Wol qatarlarda avtordi'n' tuwi'lg'an yelge, anna watang'a degen sheksiz muh'abbati'n an'lawg'a boladi'.

Sonday-aq toplamda ori'n alg'an h'a'r bir shi'g'armada janri'na qaramastan qaraqalpaq jerinin' h'a'wirin sezip turasi'z, u'lke turmi'si'ni'n' h'a'r qi'yli' ko'rinisleri, adamlari'na ta'n bolg'an ta'kirarlanbas qa'siyetler ta'biyati' ko'rinisleri deysizbe, ba'ri-ba'ri shi'n ma'nidegi milliy ruxta sa'wlelendirilgeni Gu'listan Matyaqubovani'n' anna jurti'na sadi'qli'g'i' qanshelli da'rejede joqari' yekenliginen derek berip turadi'. Basqa bir do'retiwshinin' qaraqalpaq koloritin bunday forma h'a'm mazmunda ko'rkem bayanlay ali'wi'na woqi'wshi'ni' isendiriw qi'yi'n bolsa kerek. Bul wo'zgeshelik pikirimizshe shayi'ra do'retiwshiliginin' jetekshi, yen' go'zzal pazi'yletlerinen bolsa kerek.

Lirika-ishki sezimlerdin' poetikali'q sa'wlesi. Wol waqi'tti'n' jan'ali'qlari'n tez sa'wlelendiriwi menen aji'rali'p turadi'. A'debiyati'mi'zdag'i' jan'a si'patlar birinshi gezekte lirikada wo'z

---

[22] *Сонда. 17-бет*

sa’wlesin tabatug’i’nli’g’i’ ta’biyiy na’rse. Ha’zirgi poeziya tematikali’q jaqtan ken’eyip, adamlardi’n’ woy-sezimin su’wretlew teren’lesip barati’rg’anli’g’i’ menen xarakterlenedi. Shayi’rlari’mi’zdi’n’ tematikali’q shen’beri du’nyadag’i’ barli’q kontinentlerdi ha’m kosmos ken’ligin de wo’z ishine alatug’i’n boldi’. Shayi’r ju’regi wo’z xalqi’ni’n’ g’ana yemes, al pu’tkil du’nyadag’i’ paraxatshi’li’qti’ su’yiwshi xali’qlar ju’regi menen birge soqpaqta. Tiykarg’i’ ga’p ideyali’q-ko’rkemlik jaqtan qunli’ shi’g’arma do’retiwde, ha’r qanday temani’ avtordi’n’ wo’zinshe, jan’asha ashi’p beriwinde boli’p tabi’ladi’. Biraq bul jan’a temalar joli’nda bolg’an izleniwdin’ a’hmiyetin hesh qashan to’menletpewi kerek.

---

Wori’s a’debiyati’nda, arab a’debiyati’nda qi’zlar uyqasi’ (Jenskaya rifma) degen bar. Al, tu’rkiy xali’qlar a’debiyati’nda uyqasti’ yerler ha’m qi’zlar uyqasi’ dep bo’liw da’stu’ri joq ta’, biray qudayg’a shu’kir, hayal-ki’zlar poeziyasi’ bar. Wo’mirdin’ wo’zi hayal-qi’zlarsi’z g’ozzal yemes. A’debiyat ta wolarsi’z a’biger halg’a kelip qalatug’i’ni’ so’zsiz. Wo’ytkeni, wolar basqa yellerge sali’sti’rg’anda du’nyag’a, wo’mirge, a’debiyatqa da basqasha ko’zqaras penen qaraydi’. Yerler bazda jarati’li’s, ko’beyiw, du’nyag’a keliw ham ketiw, wo’sip wo’niw si’yaqli’ ila’hiy tu’siniklerge u’stirtin ma’ni beriwi mu’mkin. Al, hayal-qi’zlar bulardi’ wo’mirdin’ tiykari’ dep tu’sinedi. Sebebi, wolar-analar. Bazda yerlerdin’ go’zzali’q tuyg’i’lari’, go’zzalli’qti’ su’wretlewi yerbekey-serbekey, bir na’rse boli’p shi’g’i’wi’ mu’mkin. Al, hayal-qi’zlardi’n’ a’debiyattag’i’ go’zzalli’qti’ jarati’wi’ –bul shi’n ma’nistegi go’zzalli’q. Sebebi,

wolardi’n’ wo’zleri go’zzallar, wolardi’n’ ta’biyati’na go’zzalli’q qani’na qari’si’p a’zeliy sin’ip ketken. Shayi’ra Gu’listan Matyakupovani’n’ poeziyasi’nda da hayal-qi’zlar poeziyasi’na ta’n bolg’an barli’q jaqsi’ paziyletlerdi ko’riwge boladi’.

A’debiy shi’g’arma do’retiwshisinin’ perzenti degen tu’sinik bar. Sonli’qtan da, do’retiwshisi wo’zinde bar bolg’an jaqsi’ ha’m jaman si’patlardi’ wog’an wo’tkeredi. Woni’ wo’zinin’ kewil su’ti, mehri menen azi’qlandi’radi’. Do’retiwshinin’ kewil su’ti qanshelli mazali’, jug’i’mli’, tati’mli’ bolsa, «perzenti» de shekesi torsi’qtay su’ykimli, wo’mirshen’ boli’p jetiliseri so’zsiz. G.Matyakupovani’n’ shi’g’armalari’n woqi’p woti’ri’p ta woni’n’ perzentlerinen kewil su’tin de, mehir su’tin de ayamag’ani’n ko’remiz.

Shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’ kem-kem shi’n’lani’p, do’retiwshiliginin’ jetilisip kiyati’rg’ani’n woni’n’ son’g’i’ da’wirde jazg’an qosi’qlari’nan bayqawg’a boladi’. Taza lirika sap sezimlerge quri’li’p, al sezimler woqi’wshi’ni’ wo’zinin’ si’rli’ qursawi’na worap aladi’.

## JUWMAQ

G`a`rezsizlik da`wirine kelip qaraqalpaq a`debiyati’nda da rawajlani’wdi’n` jan`a etaplari’ ju`zege keldi. A`debiyat, soni’n` ishinde lirika ja`miyetlik sanani’n` aji’ralmas bir bo`legi, woni’n` do`rendisi bolg`anli’qtan usi’ da`wirde ja`miyette ju`z bergen wo`zgerisler qaraqalpaq lirikashi’li’g`i’ni’n` rawajlani’wi’na wo`z ta`sirin tiygizbey qoymadi’. Ha`zirgi da`wirdegi a`debiyat, poeziya wo`zinin` ko`p qi’rli’ talantli’lari’ menen

wo`zgeshelenip turadi’. Qaraqalpaq a`debiyati’ni’n` barli’q janrlari’ gu`llep rawajlani’p, ha`r bir janr boyi’nsha ko`plegen qa`lem terbetiwshilerine iye. Bul shayi’r ha`m jazi’wshi’lar wo`zi jasag`an zamanni’n` ji’ri’n ji’rlap kiyati’r. Bul jo`ninde belgili ilimpaz Q. Worazi’mbetov bi’lay atap ko`rsetedi: «Qaraqalpaq lirikashi’li’g`i’ wo`zinin` rawajlani’wi’nda to`mendegishe belgilerge ha`m da`stu`rlerge iye bola basladi’. Shayi’rlari’mi’zdi’n` do`retiwshiligi, belsendiligi ha`m wo`zinshelikleri arti’p bardi’.

Biz wo’z jumi’si’mi’zda belgili shayi’ra G.Matyakubova do’retpelerinin’ ideya-tematikali’q bag’darlari’, woni’n’ muh’abbat temasi’ndag’i’ qosi’qlari’ni’n’ ishki mazmuni’, lirikali’q qah’arman obrazi’n jarati’wdag’i’ sheberlikleri ma’selesi tuwrali’ so’z yettik. Shayi’ra qosi’qlari’nda berilip ati’rg’an ideyalardi’n’ h’a’m tan’lang’an temalardi’n’ wolardi’n’ joqari’ ko’rkemlik da’rejesin belgilewdegi a’h’miyetine toqtadi’q. Lirikali’q shi’g’armalardi’n’ ko’rkemligi wolardi’n’ mazmuni’ h’a’m formasi’ni’n’ u’ylesip keliwi menen baylani’sli’ yekenligin ashi’p beriwge h’a’reket yettik. Biz qarap shi’qqan lirikali’q shi’g’armalar bul ilimiy izertlew bag’dari’nda bay materiallar beredi.

Shayi’ra shi’g’armalari’na temalardi’ h’a’m ideyalardi’ wo’z da’wirinin’ ruwxi’y talaplari’nan h’a’m za’ru’rliklerinen kelip shi’qqan h’alda tan’lag’an. Wolar usi’ temalardi’ shayi’rli’q sheberlik penen ashi’p beredi. Ha’rta’repleme jetilisken insanni’n’ pazi’yletleri bolg’an adamgershilik, h’aqi’yqatshi’lli’q, h’ujdanli’li’q, xali’qshi’lli’q, watanshi’lli’q, taza muh’abbat shayi’ralari’mi’zdi’n’ ko’p g’ana shi’g’armalari’ni’n’ temalari’ boli’p tabi’ladi’. Wol wo’z shi’g’armalari’ arqali’ jaqsi’li’q, qayi’r-saqawatli’li’q, iyman-insapli’li’q ideyalari’n

alg’a su’redi. Biz G.Matyakubovani’n’ poetikali’q shi’g’armalari’ni’n’ ideyali’q-tematikali’q bag’darlari’nda ruwxi’y du’nyasi’ bay zamanlasi’mi’zdi’n’ woy-pikirlerin, sezim tuyg’i’lari’n tabami’z h’a’m wolar bizdi ruwxi’y jaqtan bayi’ti’p, zamang’a i’layi’q boli’p jasawg’a shaqi’radi’.

Ko’rkem a’debiyat so’z wo’neri arqali’ jasaladi’. Mine, usi’ jag’i’nan poeziya ko’rkem wo’nerdin’ basqa tu’rlerinen ayi’ri’mlani’p turadi’. Shayi’r obraz arqali’ woylaydi’.

A’lbette, a’debiy shi’g’armalarg’a ta’n bolg’an ko’rkemlik g’ana woni’n’ barli’q si’pati’n belgiley almaydi’, al wog’an ideyali’q da’reje menen turmi’s shi’nli’g’i’, ayqi’n shayi’rli’q pozitsiya kerek. Mine, bular barli’g’i’ sa’ykes kelgende shi’g’armani’n’ ko’rkemligi ju’zege keledi.

Biz G. Matyakubovani’n’ sa’tli shi’qqan shi’g’armalari’nda usi’ h’aqi’yqatli’qti’n’ tasti’yi’qlani’wi’n ko’remiz.

Biz wo’z jumi’si’mi’zda shayi’rani’n’ lirikali’q shi’g’armalari’nan usi’ bag’dardag’i’ a’debiy til sheberligin ko’rsetetug’i’n mi’sallardi’ keltirip wo’ttik.

Shayi’r konkret obrazli’ so’zlerdin’ ja’rdemi menen su’wretlep woti’rg’an h’a’diyseni yamasa qubi’li’sti’ wo’z woqi’wshi’si’ni’n’ yadi’nda bekkem wornalasti’radi’. Til shayi’rdi’n’ woy-pikirleri menen sezimlerinin’ si’rtqa shi’qqan ko’rinisi. Shayi’r wo’zine kerekli so’zlerdi aldi’ buri’n izlemeydi, al so’z woy-pikir h’a’m sezimlerge baylani’sli’ keledi. A’debiyat so’z arqali’ adamlardi’n’ janli’ obrazlari’n do’retedi.

Shayi’r wo’zinin’ aytayi’n degenin tek jay g’ana xabarlap qoymaydi’, al woqi’wshi’ni’n’ sezimine ta’sir yetedi, shi’g’armani’n’

lirikali’q qah’armani’ menen quwani’wg’a, qayg’i’ri’wg’a, qaysi’ bir na’rselerdi duri’s yaki naduri’s dep tasti’yi’qlawg’a iytermeleydi.

«Lirikani’n’ mazmuni’ - insanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’, woy-sezimlerinin’ du’nyasi’. İnsanni’n’ ruwxi’y wo’mirinin’ mazmuni’n quraytug’i’n h’a’r qanday sezim - adamdi’ qi’zi’qti’rg’an, tolqi’tqan, quwandi’rg’an, qapalandi’rg’an, ku’yindirgen, ti’ni’shsi’zlandi’rg’an, shorshi’tqan sezimler lirikani’n’ zan’li’ du’nyasi’ retinde wog’an mazmun boli’p tabi’ladi’. Bir adamni’n’ jan du’nyasi’nda u’zliksiz tu’rde turaqli’, wo’tkinshi - h’a’r tu’rli sezimler tuwi’ladi’. Usi’nday ta’sir-sezimlerdin’ h’a’r biri lirikali’q qosi’qqa mazmun bere aladi’.»[23]

Qosi’qta h’a’rqanday jaqsi’, paydali’ pikir boli’wi’na qaramastan, wol adam jan du’nyasi’n ashi’p bermese, shi’g’armani’n’ ta’siri ku’shli bolmaydi’.

Solay yetip, biz wo’zimizdin’ h’a’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’nda G.Matyakubova do’retiwshiliginde muh’abbat temasi’n izertlewge arnalg’an diplomli’q jumi’si’mi’zda belgili lirikali’q shi’g’armalari’n wolardi’n’ ideyali’q-tmatikali’q bag’darlari’ h’a’m ko’rkemlik wo’zisheligi tiykari’nda so’z yettik h’a’m to’mendegi juwmaqlarg’a keldik.

1. Ha’zirgi poeziyami’zdi’n’ ko’rnekli wa’killerinen biri bolg’an shayi’ra G.Matyakubova bu’gingi wozi’q woyli’ zamanlaslari’mi’zdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’n sa’wlelendiretug’i’n lirikali’q shi’g’armalari’ h’a’zirgi poziyani’n’ belgili da’rejedegi do’retiwshilik jetiskenlikleri boli’p tabi’ladi’.

---

[23] **Белинский В.Г. Сочинения в 3 томах. Т.2. - М., 1948. – 45-бет.*

2. Shayi’rani’n’ adamgershilik, h’aqi’yqatshi’lli’q, h’u’jdanli’li’q, watanshi’lli’q, muh’abbatta wapadarli’q si’yaqli’ ag’la pazi’yletlerdi uli’g’lag’an, joqari’ ko’rkemlikte jazi’lg’an lirikali’q shi’g’armalari’ h’a’zirgi jaslari’mi’zdi’ h’a’rta’repleme jetilisken, zamang’a i’layi’q yetip ta’rbiyalawda wo’z a’h’miyetine iye a’debiy material boli’p tabi’ladi’.

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**


1. Қарақалпақстан Республикасының жазыўшылары. - Нөкис, «Билим», 1995.

2. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў, - Нөкис, «Қарақалпақстан» 1987.

3. Ахметов С. Талантқа талап. - Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.

4. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдбияттаныў терминлериниң русша-қарақалпақша сөзлиги. - Нөкис, «Билим», 1994.

5. Иззат Султан. Адабет назарияси. Тошкент, «Фан», 1980, 253-б.

6. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995.

7. Нуржанов П., Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1993 ж.

8. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик изленеиўшилик. - Нөкис, «Билим», 1993.

9. Оразымбетов Қ., Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем форманың эволюциясы ҳәм типологиясы, Нөкис, «Билим», 2004 ж

10. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. - Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.

11. Худайбергенов Э., Адабиетшуносликка кириш, Тошкент, «ЎАЖБНТ» маркази, 2003.

12. Худайбергенов К., Лирика ҳәм өмир, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1971 ж.

13. Матякубова Г. Жүрек пенен жүзбе жүз, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987

14. Матякубова Г. Нурлы жоллар, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988

15. Матёқубова Г. Дарёга ботаётган қуёш. Нукус, «Қарақалпақстан», 1998
16. Матякубова Г. Қәлб зүрәәти, Нөкис, «Қарақалпақстан», 2004
17. Матёқубова Г. Қайтмоқ учун кетмоқдаман, Нукус, «Қарақалпақстан», 1988
18. Матёқубова Г. Ота уйим.  Тошкент. «Sharq»., 2014. 61-бет